बुध
28 अक्टूबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
कार्तिक, कृष्ण पक्ष, तृतीया, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 48 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00



# एमएलसी चुनाव : तिरहुत शिक्षक सीट पर भाजपा प्रत्याशीक जीत, दरभंगा मे फंसल पेंच

- आठो सीट पर मतगणना जारी दरभंगा, कोसी आ पटना पर टिकल अछि नजरि



**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषदक शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक 8 सीट लेल मंगलदिन मतगणना जारी अछि। 23 अक्टूबर कें भेल मतदानक बाद आब 150 प्रत्याशीक चुनावी भाग्यक फैसला भए रहल अछि। एहि मे स्नातक कोटाक 4 आ शिक्षक कोटाक 4 सीट शामिल अछि। मतगणना पटना, दरभंगा, मुजफ्फरपुर, पूर्णिया आ छपरा मे कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बीच भए रहल अछि।

एहि चुनाव मे दरभंगा, तिरहुत आ कोसीक परिणाम पर खास नजरि अछि। दरभंगा मे स्नातक आ शिक्षक दुनू सीट पर मोकाबला रोचक बनल अछि, जखन कि तिरहुत शिक्षक सीट पर प्रथम वरीयताक मतगणना मे भाजपा समर्थित प्रत्याशी नरेंद्र प्रसाद सिंह जीत दर्ज केने छथि। कोसी स्नातक सीट पर भाजपा प्रत्याशी डॉ. एनके यादव, राजदक नीतेश कुमार यादव, जन सुराजक डॉ. रजनीश रंजन आ कांग्रेसक मनोज कुमार जायसवालक बीच मोकाबला अछि।

### दरभंगा : शिक्षक सीट पर जन सुराजक बढ़त

दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे जन सुराजक प्रत्याशी सुरेश प्रसाद राय आ कांग्रेसक वर्तमान विधान पार्षद मदन मोहन झा बीच मोकाबला रहल। मतगणनाक एक चरण मे सुरेश राय कें 2058 मत आ मदन मोहन झा कें 1758 मत भेटबाक सूचना छल। सांझक रिपोर्ट सभ मे सुरेश राय आगू रहलाह, मुदा हुनकर बढ़त घटबाक खबरि सेहो आयल। एहि लेल अंतिम जीतक आधिकारिक घोषणा होयब जरूरी अछि।

दरभंगा स्नातक सीट पर भाजपा प्रत्याशी सर्वेश कुमार आ राजद समर्थित अनिल कुमार झा सहित कतेको प्रत्याशी मैदान मे छथि। एतय मतपत्रक गिनती आ वरीयता-आधारित गणना मे समय लागि रहल अछि।

### तिरहुत : भाजपा सीपीआइ कें हरौलक

तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं भाजपा समर्थित नरेंद्र प्रसाद सिंह जीत दर्ज कयलनि। रिपोर्ट सभक अनुसार, ओ निर्दलीय प्रत्याशी भूषण झा कें 594 मत सं हरौलनि। सीपीआइक संजय कुमार सिंह सेहो मोकाबला मे रहलाह। ई मतगणनाक पहिल प्रमुख नतीजा सभ मे सं एक अछि, हालांकि किछु रिपोर्ट मे औपचारिक घोषणा एखन बाकी रहबाक बात कहल गेल अछि। तिरहुत स्नातक सीट पर मतगणना अपेक्षाकृत धीमा रहल आ अंतिम परिणामक प्रतीक्षा अछि।

### कोसी : एनके यादव आ नीतेश यादवक बीच मोकाबला

कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे भाजपा प्रत्याशी डॉ. एनके यादव आ राजद प्रत्याशी नीतेश कुमार यादवक बीच मुख्य मोकाबला देखल जा रहल अछि। 27 अक्टूबर सांझक एकटा टटका रिपोर्ट अनुसार, दू चरणक मतगणनाक बाद डॉ. एनके यादव कें 2446 मत, जखन कि नीतेश यादव कें 1768 मत भेटलनि। एहि हिसाबें भाजपा प्रत्याशी 678 मत सं आगू छलाह। जन सुराजक डॉ. रजनीश रंजन कें 1186 आ कांग्रेसक मनोज जायसवाल कें 396 मत भेटबाक जानकारी सेहो देल गेल। मुदा, वरीयता-आधारित मतगणना पूरा होयब आ निवार्ची पदाधिकारीक घोषणा होयब एखन निर्णायक अछि। तिरहुत शिक्षक सीट पर भाजपा जीतक खबरि सामने आयल अछि। दरभंगा शिक्षक सीट पर जन सुराजक प्रत्याशी आगू रहलाह, जखन कि कोसी स्नातक सीट पर भाजपा प्रत्याशी बढ़त बनौने रहबाक सूचना अछि।

## केसरियाक भाजपा नेता रिंकू पाठकक 6 स्थान पर ईओयूक छापामारी

**आय सं अधिक संपत्ति मामिला मे कएल गेल कारबाइ**



**पूर्वी चंपारण, समदिया**

आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला मे आर्थिक अपराध इकाई (ईओयू), पटनाक टीम मंगलदिन केसरिया नगर पंचायतक पूर्व मुख्य पार्षद आ भाजपा नेता रजनीश कुमार पाठक उर्फ रिंकू पाठकक 6 ठाम एकहि संग छापामारी कयलक। रिंकू पाठक वर्तमान मे वार्ड पार्षद छथि आ नगर पंचायतक मुख्य पार्षद किरण देवीक पति छथि।

छापामारीक नेतृत्व ईओयू केर एएसपी परमिंदर भारती कए रहल छलाह। टीम मे 4 डीएसपी सहित कुल 32 अधिकारी शामिल छलाह। ईओयू सूत्रक अनुसार, रजनीश पाठक आ हुनकर पत्नी किरण देवी पर आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक आरोप अछि। एहि मामिला मे आर्थिक अपराध थाना कांड संख्या 29/26 अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज अछि। प्रारंभिक जांच मे दंपत्तिक ज्ञात आयक तुलना मे करीब 3 करोड़ 56 लाख 65 हजार 118 टाकाक बेसी संपत्तिक साक्ष्य भेटबाक बात कहल गेल अछि। ई राशि ज्ञात आय सं करीब 124.81 प्रतिशत बेसी बताओल गेल अछि। भ्रष्टाचार निवारण अधिनियम, 1988 (संशोधित 2018) अंतर्गत कारबाइ कयल जा रहल अछि।

### केसरिया सं दानापुर धरि तलाशी

ईओयू टीम केसरिया बाजार स्थित निजी आवास, युवराज गैस एजेंसीक कार्यालय आ गोदाम तथा नगर पंचायत भवन स्थित मुख्य पार्षद कार्यालय मे तलाशी लेलक।

## एक नजरि

### जनसुराजक डिजिटल मैनेजर ट्रेन सं लापता, शव बरामद

**पटना :** जनसुराज पार्टीक डिजिटल कम्युनिकेशन मैनेजर देवपालिक गुप्ता (31) केर शव भेटल अछि। उत्तर प्रदेशक कुशीनगर जिलाक रहनिहार देवपालिक सोमदिन रांची सं पटना आबय लेल जनशताब्दी एक्सप्रेस (12366) मे सवार भेल छलाह। मुदा, मुरी जंक्शन सं पहिने ओ अनचोके लापता भए गेल छलाह। हुनकर शव अनगड़ा थाना क्षेत्रक जरवाडीह लग रांची-मुरी रेलमार्गक डाउन लाइनक कात झाड़ी मे भेटल। माथ आ चेहरा पर खरोंचक निशान छल। चलैत ट्रेन सं खसबाक कारण मृत्यु होयबाक आशंका अछि। अनगड़ा थाना पुलिस आ जीआरपी संयुक्त रूप सं जांच कए रहल अछि। देवपालिकक दोस्तक अनुसार, 26 अक्टूबर कें ओ दू संगी संग पटना आबि रहल छलाह। मुरी स्टेशन सं पहिने खाना ऑर्डर करबाक लेल पैंट्री गेलाक बाद ओ गायब भए गेलाह।

### समस्तीपुर मे गहना कारोबारीक गोली मारि हत्या

**समस्तीपुर :** समस्तीपुरक दलसिंहसराय थाना क्षेत्रक पगड़ा गाम मे सोमदिन राति सोना कारोबारी राजकुमार पोद्दार (38) केर गोली मारि हत्या कए देल गेलनि। ओ काली चौक स्थित अपन गहनाक दोकान बंद कए बुलेट मोटरसाइकिल सं घर लौटि रहल छलाह।

# बाढ़ि प्रभावित किसान कें प्रति हेक्टेयर भेटत 18 हजार टाका : मुख्यमंत्री

**22 जिलाक डीएम कें जमीनक आकलन करबाक देल गेल निर्देश**




**पटना, समदिया**

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बिहारक बाढ़ि प्रभावित किसान सभक लेल पैघ घोषणा कयलनि अछि। बाढ़िक पानि उतरि गेलाक बाद खेत सभ मे जमा बालू, रेत आ गादि हटेबाक लेल सरकार किसान सभ कें आर्थिक सहायता देत। एहि योजनाक लाभ पटना सहित राज्यक 22 जिलाक बाढ़ि प्रभावित किसान आ मत्स्य पालन क्षेत्र सभ कें भेटत। मुख्यमंत्री सोमदिन सोशल मीडिया एक्स पर पोस्ट कए एहि निर्णयक जानकारी देलनि। एहि पहलक मुख्य उद्देश्य बाढ़ि सं प्रभावित किसान सभक जमीन कें फेर खेती योग्य बनेबा मे सहायता देब अछि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि प्रावधान अंतर्गत पात्र किसान कें प्रति हेक्टेयर 18 हजार टाका सहायता देल जायत। संगहि, प्रत्येक पात्र किसान कें कम-सं-कम 2200 टाकाक सहायता राशि देबाक प्रावधान अछि। एहि राशि सं खेत मे जमा बालू, रेत आ गादि हटेबाक खर्च मे किसान सभ कें मदति भेटत। एहि पहल सं किसान अपन जमीन कें अगिला फसिल लेल फेर तैयार कए सकताह।

मुख्यमंत्रीक निर्देश पर आपदा प्रबंधन विभाग संबंधित 22 जिलाक जिलाधिकारी सभ कें प्रभावित कृषि योग्य जमीन आ मत्स्य पालन क्षेत्रक स्थलीय जांच करयबाक निर्देश देने अछि। जांचक क्रम मे जमीन पर जमा बालू, रेत आ गादिक मात्रा आ जमावक आकलन कयल जायत। एहि आकलनक आधार पर जिला प्रशासन कें एसडीआरएफ अथवा एनडीआरएफक निर्धारित सहायता मानकक अनुसार राशि उपलब्ध करेबाक लेल मांग करय पड़त।

उल्लेखनीय अछि जे एहि वर्ष गंगा, सोन, गंडक आ कोसी सहित आन नदी सभ मे आयल बाढ़िक पानि उतरबाक बाद खेत सभ मे बालू, रेत आ गादि जमा होयबाक समस्या सोझां आयल अछि। एहि कारण जमीन कें फेर खेती योग्य बनेबा मे किसान सभ कें अतिरिक्त खर्च करय पड़ि सकैत अछि।

### लाखो किसान सभ मे जागल उम्मीद

सरकार प्रत्येक वर्ष बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक किसान सभ कें कृषि इनपुट अनुदान दैत अछि। एहि वर्षो अनुदान बांटल गेल अछि। मुदा, कृषि इनपुट अनुदान ओहि किसान सभ कें भेटैत अछि, जिनकर फसिल बाढ़ि सं नष्ट अथवा क्षतिग्रस्त भेल हो। जिनका खेत मे बालू अथवा गाद जमा भए जाइत अछि, हुनका सभ कें एहि मद मे सहायता नहि भेटैत छलनि। आब नव प्रावधान सं एहन किसान सभ मे सेहो आशा जगल अछि।

पटना, भोजपुर, सारण, वैशाली, भागलपुर, बेगूसराय, बक्सर, समस्तीपुर, मुंगेर, कटिहार, लखीसराय, खगड़िया, पूर्णिया, मधेपुरा, अरवल, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, दरभंगा, मुजफ्फरपुर, सुपौल आ सहरसा जिलाक बाढ़ि प्रभावित कृषि योग्य जमीन आ मत्स्य पालन क्षेत्रक आकलन कयल जायत।

# कलेक्ट्रेट मे मुखिया केलनि आत्मदाह करबाक प्रयास

- श्मशानक भूमि पर पंचायत सरकार भवन बनेबाक विरोध कए रहल छलाह मुखिया



**समस्तीपुर, समदिया**

समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन मे श्मशानक जमीन पर पंचायत सरकार भवन बनाओल जाएबाक विरोध करैत मेयारी पंचायतक मुखिया बिरजू राय मंगलदिन समस्तीपुर कलेक्ट्रेट परिसर मे आत्मदाह करबाक प्रयास कयलनि। ओ पहिनहि कलेक्ट्रेट परिसर मे आत्मदाह करबाक घोषणा कयने छलाह। एहि कारण परिसर मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल छल। मुदा, पुलिसक सतर्कताक बादो मुखिया परिसर मे प्रवेश कए आत्मदाहक प्रयास कयलनि। समय रहैत सुरक्षाकर्मी आ पुलिसकर्मी हुनका पकड़ि लेलनि। जानकारीक अनुसार, कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बादो मुखिया बिरजू राय कोर्ट दिसक बाउंड्री वॉलक बाटे कलेक्ट्रेट परिसर मे पहुंचि गेलाह। तकर बाद ओ दौड़ैत एसपी अरविंद प्रताप सिंहक गाड़ीक लग पहुंचलाह। ओतहि मुखिया बोतल मे राखल किरासन तेल अपना शरीर पर छीटि लेलनि आ सलाइ निकालि आगि लगेबाक प्रयास कयलनि। मुदा, ओतय तैनात सुरक्षागार्ड आ पुलिसकर्मी तुरंत हुनका पकड़ि लेलनि। पुलिस मुखिया कें हिरासत मे लए लेलक। एहि घटनाक बाद कलेक्ट्रेट परिसर मे किछु समय धरि अफरा-तफरी मचल रहल।

### आत्मदाहक घोषणा केलाक बाद तैनात छल पुलिस

मुखिया द्वारा पहिनहि आत्मदाह करबाक घोषणा कयल गेल छल। तें कलेक्ट्रेटक चारू कात पुलिसबल तैनात कयल गेल छल। नगर थाना सहित आन थानाक पुलिस सेहो ओतय उपस्थित छल। एतबा कड़ा निगरानीक बादो मुखिया बाउंड्री पार कए परिसर मे प्रवेश कए गेलाह। ओना आगि लगेबाक प्रयास करबाक समये पुलिस हुनका पकड़ि लेलक।

### श्मशानक जमीन पर भवन बनेबाक आरोप

हिरासत मे लेल गेल मुखिया बिरजू राय कहलनि जे मेयारी पंचायत मे श्मशानक जमीन पर पंचायत सरकार भवन बनाओल जा रहल अछि। एहि निर्माणक विरोध मे ओ जिलाक अधिकारी सभ सं लए उच्चाधिकारि सभ धरि लगातार पत्राचार कयलनि। मुदा, हुनकर कहब छलनि जे एखन धरि कोनो अधिकारी एहि मामिलाक गंभीरतापूर्वक संज्ञान नहि लेलनि। लगातार शिकायतक बादो कारबाइ नहि भेला सं ओ बहुत आहत छलाह। एहि कारण ओ कलेक्ट्रेट पहुंचि आत्मदाह करबाक निर्णय लेलनि।

### पंचायत प्रतिनिधि सभक बात नहि सुनबाक आरोप

बिरजू राय आरोप लगौलनि जे सरकार पंचायत सरकार आ पंचायत प्रतिनिधि सभ कें अधिकार देबाक बात करैत अछि, मुदा व्यवहार मे हुनका सभक बात नहि सुनल जाइत अछि। पंचायत सं जुड़ल कतेको अधिकार एखनहुं अधिकारी सभक स्तर पर सीमित अछि। एहि कारण पंचायत प्रतिनिधि सभ मे असंतोष अछि।

# मधुबनी मे 30 हजार टाका घूस लैत ट्रैफिक डीएसपी पकड़ल गेला

- जमीन पर पड़ल रहबाक वीडियो वायरल



**मधुबनी, समदिया**

मधुबनी मे पटना सं आयल निगरानी विभागक टीम ट्रैफिक डीएसपी सुजीत कुमार कें 30 हजार टाका घूस लैत पकड़ने अछि। ई कारबाइ अस्पताल रोड स्थित हुनकर कार्यालयक लग कयल गेल। निगरानी टीमक एहि कारबाइक बाद पुलिस विभाग मे हलचल मचि गेल अछि।

कारबाइक समयक एकटा वीडियो सोशल मीडिया पर प्रसारित भए रहल अछि। एहि वीडियो मे ट्रैफिक डीएसपी जमीन पर पड़ल देखाइत छथि। कहल जा रहल अछि जे निगरानी टीम द्वारा पकड़ल गेलाक बाद ओ अपना कें बचेबाक प्रयास कयलनि। हालांकि, वायरल वीडियोक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। निगरानी विभागक टीम डीएसपी सुजीत कुमार कें हुनकर कार्यालय कक्ष मे कथित रूप सं 30 हजार टाका घूस लैत पकड़ने अछि। समाचार लिखल जाइत समय धरि ई स्पष्ट नहि भए सकल छल जे ओ कोन मामिला मे घूस लए रहल छलाह।

### गिरफ्तारीक बाद बिगड़ल स्वास्थ्य

निगरानी विभागक आधिकारिक सूत्रक अनुसार, जाहि समय टीम सुजीत कुमार कें पकड़लक, ओही समय अनचोके हुनकर स्वास्थ्य बिगड़ि गेलनि। एकर बाद हुनका तत्काल सदर अस्पताल लए जायल गेलनि। घटनाक बाद इलाका मे एहि मामिलाक चर्चा तेज भए गेल अछि। निगरानी विभागक विस्तृत आधिकारिक जानकारी सामने अयलाक बादे पूरा घटनाक्रम स्पष्ट भए सकत। वायरल वीडियोक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि।

# मिथिला मे चक्रवाती तूफान 'अर्नब' मचा सकैत अछि तबाही

**29 सं 31 अक्टूबर धरि भारी बरखा आ वज्रपातक चेतावनी**



**समस्तीपुर, समदिया**

बंगालक खाड़ी मे सक्रिय चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक प्रभाव सं उत्तर बिहारक मौसम मे एक बेर फेर पैघ बदलाव होयबाक आशंका अछि। डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसाक ग्रामीण कृषि मौसम सेवा आ भारतीय मौसम विज्ञान विभाग (आइएमडी) द्वारा जारी संयुक्त पूवार्नुमानक अनुसार, 28 अक्टूबर सं 1 नवंबर 2026 धरि क्षेत्रक मौसम बिगड़ि सकैत अछि। एहि अवधि मे मिथिलाक विभिन्न जिला सभ मे तेज हवा, मेघगर्जन, वज्रपात आ भारी बरखा होयबाक प्रबल आशंका जताओल गेल अछि। मौसम विभागक चेतावनीक अनुसार, 29 सं 31 अक्टूबर धरि उत्तर बिहारक अधिकांश भाग मे हल्का सं मध्यम बरखा होयत। ओतहि 30 आ 31 अक्टूबर लेल समस्तीपुर, सिवान, मुजफ्फरपुर, मधुबनी, सीतामढ़ी, वैशाली, गोपालगंज तथा पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण मे भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। पूवार्नुमानक अवधि मे अधिकतम तापमान 29 सं 35 डिग्री आ न्यूनतम तापमान 16 सं 22 डिग्री सेल्सियस रहबाक अनुमान अछि। एहि दौरान दक्षिण-पूर्वी आ दक्षिण-पश्चिमी दिशा दिस सं 15 सं 25 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं तेज हवा चलि सकैत अछि।

### खेत मे काटल फसिल कें लए किसान चिंतित

चक्रवाती तूफानक चेतावनी सं किसान सभक चिंता बढ़ि गेल अछि। एखन धान आ मकइक कटनी जोर-शोर सं चलि रहल अछि। एहन परिस्थिति मे बरखा आ तेज हवा सं फसिलक पैघ क्षति होयबाक आशंका अछि। कृषि वैज्ञानिक सभ किसान कें सलाह देने छथि जे जे किसान धान अथवा खरीफक कटनी कए लेने छथि, ओ फसिल कें तुरंत खेत सं हटा कए सुरक्षित आ सुखायल जगह पर राखथि। खुला मे राखल उपज कें तिरपाल सं नीक जकां झांपि देथि। अनाजक भंडारण करबाक पहिने ओकरा नीक जकां सुखा लेथि, जाहि सं नमीक कारण अनाज खराब नहि हो।

### कटनी आ बोआइ टारबाक सलाह

मौसिमक प्रतिकूल स्थिति कें देखैत कृषि वैज्ञानिक सभ पकल फसिलक कटनी आ रबी फसल, जेना सरिसों, आलू आ रबी बोआइ अखन टारबाक सलाह देने छथि। संगहि खेत मे कीटनाशक आ खादक छिड़काव तथा पटेबाक काज स्थगित रखबाक अपील कयल गेल अछि। जाहि खेत मे पानि भरबाक आशंका अछि, ओतय जलनिकासक व्यवस्था करबाक सलाह देल गेल अछि, जाहि सं फसिल खसबाक आ अनाज खराब होयबाक आशंका कम कयल जा सकय।

# दीपावली-छठिक खरीदारीक वन स्टॉप डेस्टिनेशन बनल पटना एक्सपो

## एकहि ठाम भेटत कश्मीर सं केरल धरिक उत्पाद

**पटना, समदिया**

दीवाली आ छठिक खरीदारी लेल पटना कें गांधी मैदान मे पटना एक्सपो 2026 शुरू भए गेल अछि। एतय एकहि ठाम देशक अलग-अलग राज्यक उत्पाद सभक झलक देखबा लेल भेटि रहल अछि। कपड़ा, गहना, हस्तशिल्प, फर्नीचर, घरेलू सजावट आ खानपान सं लए' कए ऑटोमोबाइल तक के विकल्प उपलब्ध अछि।




करीब 4 लाख वर्गफीट मे पसरल एहि एक्सपो मे 500 सं बेसी स्टॉल लगाओल गेल अछि। खास बात ई अछि जे एतय 10 रुपैया सं लए' कए लाखो रुपैया तक के उत्पाद उपलब्ध अछि।

पटना एक्सपो के 4 वातानुकूलित हैंगर मे व्यवस्थित कयल गेल अछि। एतय अलग-अलग श्रेणीक उत्पादक स्टॉल लगाओल गेल अछि। एहि व्यवस्था सं लोक सभ के अपन जरूरतक सामान देखबाक आ ओकर कीमतक तुलना करबाक अवसर भेटि रहल अछि।

त्योहारक दौरान घर सजाबय, कपड़ा खरीदय आ उपहार तकबाक लेल एतय कतेको विकल्प उपलब्ध अछि। आयोजक सभक मुताबिक, ई एक्सपो 13 दिन तक चलत। खरीदारीक संग मनोरंजन आ खानपानक सुविधा सेहो लोक सभ के आकर्षित कए रहल अछि।

एक्सपो मे देशक अलग-अलग हिस्सा के खास उत्पाद देखबा लेल भेटि रहल अछि। पंजाबक सूट आ कपड़ा संग मधुबनी कला सं सजल परिधान सेहो उपलब्ध अछि।

कश्मीरक पारंपरिक उत्पाद, केसर आ खजूरक स्टॉल लोक सभक लेल आकर्षणक केंद्र बनल अछि। ओतहि, केरल के अलग-अलग प्रकारक चिप्स आ दोसर राज्यक उत्पाद सेहो एतय भेटि रहल अछि। एहि तरहें स्थानीय बाजार सं अलग-अलग जगहक उत्पाद एकहि परिसर मे देखबाक अवसर भेटि रहल अछि।

### घर सजाबय आ खरीदारी लेल कतेको विकल्प

त्योहारक मौसिम मे घर आ पहनावा के नव रूप देबाक लेल एक्सपो मे कई तरहक विकल्प उपलब्ध अछि। एतय कपड़ा, गहना, हस्तशिल्प आ घरेलू उपयोगक सामानक स्टॉल लगाओल गेल अछि।

घरक सजावट आ फर्नीचर मे रुचि रखय बला लोक सभ लेल कान्हा फर्नीचरक पूरा हैंगर सेहो उपलब्ध अछि। अलग-अलग स्टॉल पर उत्पादक विविधता संग छूटक ऑफर सेहो देल जा रहल अछि। हालांकि, छूट आ कीमत संबंधित स्टॉलक अनुसार अलग-अलग भए सकैत अछि।

पटना एक्सपो मात्र त्योहारक खरीदारी तक सीमित नहि अछि। एतय ऑटोमोबाइल, रियल एस्टेट, बैंकिंग आ शिक्षा क्षेत्र सं जुड़ल स्टॉल सेहो लगाओल गेल अछि।

रॉयल एनफील्ड आ टीवीएस रिवर ईवी जेकां ब्रांडक मौजूदगी सं वाहन खरीदबाक योजना बना रहल लोक सभ के अलग-अलग विकल्प देखबाक अवसर भेटि रहल अछि। एकर अतिरिक्त, विभिन्न कंपनी आ संस्थाक स्टॉलक माध्यम सं लोक सभ संबंधित सेवा आ उत्पादक जानकारी सेहो प्राप्त कए सकैत छथि।

### खानपान आ मनोरंजनक सेहो व्यवस्था

मेले मे खरीदारीक संग खेनाइ-पीनाइ के व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि। एतय बरिस्ता, पिज्जा हट आ केएफसी जेकां ब्रांडक विकल्प उपलब्ध अछि।

परिवार आ मित्र सभक संग आबय बला लोक खरीदारीक बीच खानपानक आनंद उठा सकैत छथि। एहि सं एक्सपो मे खरीदारीक संग मनोरंजन आ घुमबाक अनुभव सेहो भेटैत अछि। त्योहारक तैयारीक बीच एकहि ठाम विभिन्न गतिविधि लोक सभक लेल आकर्षण बनि सकैत अछि।

### बच्चा आ युवाक लेल प्रतियोगिता

पटना एक्सपो मे खरीदारीक अतिरिक्त बच्चा आ युवा सभक लेल विभिन्न प्रतियोगिताक आयोजन सेहो कयल जा रहल अछि। एहि मे सोलो डांस, ग्रुप डांस, गायन, चित्रकला आ फैंसी ड्रेस जेकां गतिविधि शामिल अछि।

आयोजक सभक दिस सं एहि प्रतियोगिता सभ लेल निःशुल्क पंजीकरणक सुविधा देल गेल अछि। एहि सं प्रतिभागी सभ के अपन कला आ प्रतिभा देखेबाक मंच भेटि रहल अछि। परिवारक संग मेला आबय बला लोक सभ लेल ई गतिविधि अतिरिक्त आकर्षणक केंद्र बनल अछि।

### प्रवेश शुल्क 20 रुपैया, गेट नंबर 7 सं प्रवेश

गांधी मैदान मे आयोजित पटना एक्सपो 2026 मे प्रवेश लेल गेट नंबर 7 के उपयोग कयल जा सकैत अछि। मेला मे प्रवेश टिकट 20 रुपैया निर्धारित कयल गेल अछि। एहि के बाद लोक सभ अलग-अलग हैंगर मे जा कए अपन पसंद आ जरूरतक अनुसार उत्पाद देखि सकैत छथि। कपड़ा आ गहना सं लए' कए घरेलू सामान आ खानपान तक के विकल्प एतय उपलब्ध अछि।

# बिहार मे 7.57 लाख पशुपालक सभक बनत डिजिटल रजिस्टर

## एआई कैमरा सभ गतिविधि पर राखत नजरि



**पटना, समदिया**

बिहारक दुग्ध उत्पादन क्षेत्र के बेसी पारदर्शी आ आधुनिक बनेबाक लेल कॉफेड एकटा पहल केने अछि। राज्यक 7.57 लाख दूध उत्पादक सभक डिजिटल रजिस्टर तैयार कयल जा रहल अछि। एहि डिजिटल डेटाबेसक माध्यम सं आब सटीक आकलन संभव होयत जे कोन पशुपालक कहिया, कतेक आ कोन गुणवत्ता बला दूध आपूर्ति कयने छथि।

संग्रह कयल गेल दूध मे फैट आ सॉलिड नॉट फैट (एसएनएफ) के सटीक जानकारी लेल प्रत्येक दूध संग्रह केंद्र पर डाटा प्रोसेसिंग मिल्क कलेक्शन यूनिट लगाओल जा रहल अछि। एकर मुख्य उद्देश्य किसान सभ के हुनकर दूधक सही आ उचित मूल्य देब अछि। पूरा राज्य मे दूध संग्रह पर ऑनलाइन निगरानी रखबाक लेल कॉफेड मुख्यालय मे एकटा एकीकृत कमान आ नियंत्रण केंद्र स्थापित कयल गेल अछि।

कॉफेडक अध्यक्ष शीर्षत कपिल अशोक बतौलनि जे राज्य मे एखन प्रतिदिन औसतन 24 लाख लीटर दूध संग्रह कयल जा रहल अछि। एखन धरि दूध आपूर्ति करय बला किसान सभक कोनो स्थायी डिजिटल रिकॉर्ड नहि छल। मुदा, नव व्यवस्था के अंतर्गत भुगतान चक्र पूरा होयबाक 10 दिनक भीतर राशि सीधे किसान सभक बैंक खाता मे भेजि देल जाएत।

योजनाक शुरूआती चरण मे 5,945 किसान सभक खाता मे राशि भेजबाक प्रक्रिया शुरू भए चुकल अछि। ओ बतौलनि जे शीघ्रे मुख्यमंत्री इंटीग्रेटेड कमांड कंट्रोल सेंटरक उद्घाटन करताह।

दूध संग्रह आ प्रसंस्करणक पूरा प्रक्रिया मे पारदर्शिता अनबाक लेल सभ संग्रह केंद्र पर आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस आधारित सीसीटीवी कैमरा लगाओल जा रहल अछि। एखन धरि 100 दुग्ध समिति मे ई स्मार्ट कैमरा लगाओल जा चुकल अछि।

# 114 पंचायत मे बनत तरकारी संग्रहण केंद्र, 124 करोड़ रुपैया होयत खर्च

## बिहार मे किसान सभ कें भेटत लाभ

**पटना, समदिया**

बिहार सहकारिता विभाग 350 पंचायत मे तरकारी संग्रहण केंद्र स्थापित करत। एहि योजनाक पहिल चरण मे 114 पंचायत लेल 124 करोड़ रुपैया स्वीकृत कयल गेल अछि।

एहि केंद्र सभ पर किसान सभ के स्थानीय स्तर पर तरकारी संग्रहण, सफाई, छंटाई, ग्रेडिंग, पैकेजिंग आ भंडारणक सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत।




एहि संग केंद्र सभ पर ग्रामीण मंडी, तरकारी संग्रहण केंद्र, माप-तौल सुविधा, धुलाई आ सफाई इकाई, छंटाई-ग्रेडिंग व्यवस्था, पैकेजिंग शेड, गोदाम आ कोल्ड स्टोरेज जेकां सुविधा विकसित करबाक योजना अछि। एहि सं किसान सभ के अपन उपज सुरक्षित रखबा आ बाजार धरि पहुंचेबा मे मदति भेटत।

विभाग 50 प्रखंडक प्राथमिक तरकारी उत्पादक सहकारी समिति सभ मे प्रति इकाई 1 करोड़ 12 लाख रुपैया खर्च कए आधारभूत संरचना बनयबाक स्वीकृति देने अछि। एहि केंद्र सभ पर 10 टन क्षमता बला कोल्ड स्टोरेज, 20 टन क्षमता बला गोदाम, खरीद-बिक्री, ग्रेडिंग, सफाई आ माप-तौल लेल शेड, बीज-खाद आ तरकारी बिक्री केंद्र, बहुउद्देशीय कार्यक्षेत्र आ कार्यालय जेकां सुविधा विकसित कयल जाएत। एहि योजनाक अंतर्गत एखन धरि 25 समिति मे जमीन उपलब्ध भए चुकल अछि।

### वेजफेडक माध्यम सं बढ़त किसान सभक आमदनी

सहकारिता मंत्री राम कृपाल यादवक मुताबिक, बिहार राज्य तरकारी प्रसंस्करण एवं विपणन सहकारी फेडरेशन लिमिटेड (वेजफेड)क माध्यम सं किसान सभ के उत्पादन सं लए' कए संग्रहण, प्रसंस्करण, भंडारण आ विपणन तक जरूरी सुविधा उपलब्ध करयबाक लेल योजनाबद्ध तरीका सं काज कयल जा रहल अछि।

मंत्रीक कहब छलनि जे मात्र उत्पादन बढ़ेला सं किसान सभक आमदनी मे अपेक्षित वृद्धि नहि भए सकैत अछि। एकरा लेल संग्रहण, छंटाई, ग्रेडिंग, पैकेजिंग आ विपणनक नीक व्यवस्था सेहो जरूरी अछि।

### बिहार म्यूजियमक वैश्विक सम्मान, बिहार लेल गौरवक क्षण : डॉ. प्रेम कुमार

**पटना :** बिहार विधान सभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार जर्मनीक प्रतिष्ठित अंतरराष्ट्रीय पत्रिका ह्यवर्थ अ जर्नीह्नक वर्ष 2026क वैश्विक रैंकिंग मे बिहार म्यूजियम (पटना) कें दुनिया मे नौम आ एशिया मे नंबर-1 संग्रहालय घोषित कयल गेलापर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। एहि उपलब्धि लेल ओ समस्त प्रदेशवासी के हार्दिक बधाई देलनि।

डॉ. प्रेम कुमार एहि अभूतपूर्व उपलब्धि कें राज्य लेल ऐतिहासिक क्षण बतबैत कहलनि जे 3,700 सं बेसी वैश्विक स्थल सभक मूल्यांकन मे शीर्ष स्थान प्राप्त करब, बिहारक प्राचीन धरोहर सभक संरक्षण लेल कयल जा रहल नीतिगत प्रयास सभक सुखद परिणाम अछि। आदिम युग सं आधुनिक कालखंड धरि कें इतिहास, विशिष्ट स्थापत्य कला आ ह्यदीदारगंज यक्षीह्न जकां दुर्लभ कलाकृति सभ कें समेटने बिहार म्यूजियम आइ वैश्विक सांस्कृतिक चेतनाक जीवंत केंद्र बनि गेल अछि। ओ कहलनि जे बिहार म्यूजियम जेकां संस्थान नव पीढ़ी के अपन जड़ि आ मूल परंपरा सभ सं जोड़बाक सबस सशक्त माध्यम अछि।

# पटना मे बीजेपीक विरुद्ध कांग्रेसक प्रदर्शन रद्द, एमएलसी चुनावक मतगणना कें लए बदलल गेल योजना

## खड़गेक बयान कें गलत तरीका सं पेश करबाक आरोप

**पटना, समदिया**

कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गेक बयान के लए बिहार मे राजनीतिक संग्राम मचल अछि। बीजेपीक विरोध-प्रदर्शनक जवाब मे प्रदेश कांग्रेस कमेटी आइ पूरा बिहार मे प्रदर्शन करबाक घोषणा केने छल, मुदा एमएलसी चुनावक मतगणना के देखैत एकरा फेर सं निर्धारित कयल गेल अछि।




हालांकि, जिला सभ मे प्रदर्शन करबाक बात कहल गेल अछि। प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम सभ जिला अध्यक्ष, पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ के कार्यक्रम मे सक्रिय भागीदारी सुनिश्चित करबाक निर्देश देने छथि।

प्रदेश कांग्रेस मीडिया आ प्रचार विभागक अध्यक्ष डॉ. अजय कुमार पासवान बतौलनि जे बीजेपी दिस सं कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्षक बयान के कथित रूप सं गलत तरीका सं पेश कयल गेल अछि। बीजेपी एहि मुद्दा पर नकारात्मक राजनीति कए रहल अछि आ राजनीतिक मयार्दाक उल्लंघन कए रहल अछि। कोनो बयान के तोड़ि-मरोड़ि कए पेश करब आ तकर आधार पर अमर्यादित विरोध-प्रदर्शन करब लोकतांत्रिक मूल्यक अनुरूप नहि अछि। रवि के पटना मे कांग्रेसक कार्यक्रम मे खड़गे कहलनि छलाह, 'मोदी की, मोदीक बाप सेहो जेताह।' खड़गे ई बात एकटा कार्यकर्ताक जवाब मे कहलनि। कार्यकर्ता कहने छलाह जे मोदी जी जाए बला नहि छथि। जाधरि देश मे विद्रोह नहि होयत, ताधरि मोदी सरकार नहि हटत।

एहि पर ओतय मौजूद लोक ओहि व्यक्ति के पीटि देलनि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के लेल अपशब्द कहबाक आरोप मे मल्लिकार्जुन खड़गेक विरुद्ध कोतवाली थाना मे शिकायत दर्ज कराओल गेल।

एहि बयानक विरोध मे बीजेपी सोमदिन सड़क पर उतरल। पार्टी कार्यालय सं प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगीक नेतृत्व मे कार्यकर्ता सभ विरोध मार्च निकाललनि। एहि दौरान 'बुजुर्ग खड़गे शर्म करू, अपशब्द बाजब बंद करू' जेकां नारा लिखल बैनर-पोस्टर लए नारेबाजी कयल गेल।

प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे राहुल गांधी आ खड़गे के पूरा देशक सोझां कान पकड़ि, उठक-बैठक कए माफी मांगबाक चाही। प्रदर्शनक दौरान राहुल गांधी के पोस्टर सेहो जराओल गेल।

# पटना एयरपोर्ट पर दू मास मे शुरू होयत इमिग्रेशन-कस्टम सुविधा, यात्री सभ कें भेटत राहति

**पटना, समदिया**

पटना एयरपोर्ट पर यात्री सभक सुविधा लेल इमिग्रेशन आ कस्टम काउंटर बनेबाक काज शुरू कयल गेल अछि। एयरपोर्ट प्रशासनक अनुसार, निर्माण काज दू मास मे पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकरा संग परिचालन संबंधी तैयारी, यात्री आ बैगेजक अलग-अलग प्रबंधन तथा मौजूदा आधारभूत संरचना मे जरूरी बदलाव करबाक प्रक्रिया सेहो शुरू भए गेल अछि।




एयरपोर्ट प्रशासनक मुताबिक, कस्टम आ इमिग्रेशन काउंटर बनेबाक जिम्मेदारी संबंधित एजेंसी के देल गेल अछि। एजेंसी के निर्धारित जरूरतक अनुसार काउंटर आ प्रक्रिया क्षेत्र तैयार करबाक निर्देश देल गेल अछि। काज पूरा होयबाक बाद यात्री सभ के पटना एयरपोर्ट परे संबंधित जांच प्रक्रिया के सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। हालांकि, सुविधा शुरू होयबाक वास्तविक तिथि परिचालन संबंधी तैयारी पर निर्भर करत।

एहि सुविधाक लाभ खास कए ओहि यात्री सभ के भेटि सकैत अछि, जे पटना सं दिल्ली आ मुंबई जेकां पैघ शहर लेल उड़ान भरैत छथि आ ओतय सं कनेक्टिंग फ्लाइट पकड़ि विदेश जाइत छथि। कस्टम आ इमिग्रेशनक निर्धारित प्रक्रिया पटना मे उपलब्ध भेला सं यात्री सभ के आगूक यात्रा के दौरान जांच लेल लगय बला अतिरिक्त समय सं राहति भेटि सकैत अछि। एहि सं कनेक्टिंग फ्लाइट पकड़बाक योजना बनेबो आसान होयत।

निर्माण काजक अंतर्गत यात्री आ हुनकर बैगेजक प्रबंधन लेल अलग व्यवस्था तैयार कयल जा रहल अछि। हब-स्पोक कनेक्टिंग यात्री सभक लेल विशेष अथवा अतिरिक्त काउंटर स्पेसक व्यवस्था करबाक निर्देश देल गेल अछि। एकरा संग जांच लेल निर्धारित परीक्षण क्षेत्र के जरूरतक अनुसार विकसित कयल जाएत।

कस्टम आ इमिग्रेशन प्रक्रिया के व्यवस्थित बनेबाक लेल सिक्योरिटी होल्ड एरिया आ स्टेराइल कॉरिडोर मे सेहो जरूरी बदलाव कयल जाएत। एहि मे यात्री सभक आवाजाही लेल अलग रास्ता, प्रवेश नियंत्रण आ होल्ड एरियाक पुनर्गठन शामिल अछि। एहि बदलावक उद्देश्य सुरक्षा मानकक पालन करैत यात्री सभक आवाजाही आ जांच प्रक्रिया के नीक तरीका सं संचालित करब अछि।

पटना एयरपोर्ट पर कस्टम आ इमिग्रेशन सुविधा विकसित भेला सं विदेश यात्रा करय बला यात्री सभ के किछु प्रक्रिया लेल दोसर पैघ एयरपोर्ट पर निर्भरता कम करय मे मदति भेटि सकैत अछि। एहि सं यात्रा के दौरान समय बचबाक संभावना अछि। हालांकि, यात्री सभ के वास्तविक सुविधा एहि बात पर निर्भर करत जे नव व्यवस्था कोन-कोन उड़ान आ यात्री पर लागू होइत अछि।

### पटना हाई कोर्टक पैघ फैसला: शिक्षक बहाली मे गेस्ट टीचर सभ कें नहि भेटत अनुभवक बोनस अंक

**पटना।** पटना हाई कोर्ट सरकारी स्कूल सभ मे गेस्ट टीचरक रूप मे काज कए रहल अभ्यर्थी सभ के शिक्षक बहाली मे अनुभवक आधार पर अतिरिक्त अंक देबाक मांग खारिज कए देलक अछि। कोर्ट स्पष्ट कयलक जे अनुभवक लाभ पएबाक पहिने अभ्यर्थी सभ के संबंधित विषय मे अपन योग्यता साबित करए पड़त आ निर्धारित न्यूनतम अर्हता अंक प्राप्त करब अनिवार्य अछि। विज्ञापन संख्या 22/2024क अंतर्गत बहाली प्रक्रिया मे प्रत्येक वर्षक अनुभव पर 5 अंक आ अधिकतम 25 अंक तक वेटेज देबाक मांग कोर्ट स्वीकार नहि कयलक। न्यायाधीश हरीश कुमारक एकलपीठ अभिषेक कुमार सिंह सहित 29 अभ्यर्थी द्वारा दायर रिट याचिका पर सुनवाइक बाद ई फैसला सुनौलनि। याचिकाकर्ता सभक कहब छलनि जे ओ बिहारक अलग-अलग सरकारी स्कूल सभ मे विभिन्न विषयक गेस्ट टीचरक रूप मे काज कए रहल छथि।

# पुटा चुनाव मे अध्यक्ष पद लेल 4, उपाध्यक्ष पद लेल 6 प्रत्याशी कयलनि नामांकन

## कतेको गोटे दूनू पद पर ठोकलनि दावेदारी

**पटना, समदिया**

पुटा चुनाव कें लए नामांकन प्रक्रियाक दौरान एहि बेर 7 पदाधिकारी पद लेल कुल 34 उम्मीदवार नामांकन पत्र भरने छथि। ओतहि, 19 कार्यकारिणी सदस्य पद लेल 24 उम्मीदवार मैदान मे रहताह। चुनाव मे कतेको उम्मीदवार दूनू अलग-अलग पद लेल सेहो अपन दावेदारी पेश कयने छथि।



अध्यक्ष पद लेल डॉ. शंकर कुमार, डॉ. शिवसागर प्रसाद, डॉ. सुप्रिया कृष्णन आ डॉ. कुमार सत्येंद्र यादव नामांकन कयने छथि। ओतहि, उपाध्यक्ष पद लेल डॉ. सुप्रिया कृष्णन, डॉ. अर्चना जायसवाल, डॉ. हरीष दास, डॉ. सलीम जावेद, डॉ. बिरेंद्र कुमार पासवान आ डॉ. सुपन प्रसाद सिंह अपन दावेदारी पेश कयने छथि।

महासचिव पद लेल डॉ. बिरेंद्र कुमार पासवान, डॉ. दीप नारायण, डॉ. आशुतोष कुमार, डॉ. कुमार सत्येंद्र यादव, डॉ. आशुतोष पांडेय आ डॉ. शेखर नामांकन कयने छथि। संयुक्त सचिव पद लेल डॉ. चेता, डॉ. अनिता कुमारी, डॉ. प्रेम प्रकाश पंकज, डॉ. हरीष दास, डॉ. दीप नारायण, डॉ. सूर्या नाथ सिंह, डॉ. हेमंत कुमार सिंह, डॉ. सोभन चक्रवर्ती, डॉ. राजीव कुमार, डॉ. रीना कुमारी, डॉ. जयनेंद्र कुमार मन्नू आ डॉ. मधु कुमारी मैदान मे छथि।

कोषाध्यक्ष पद लेल डॉ. मो. जियाउल हसन, डॉ. ज्योति चंद्रा, डॉ. नकी अहमद जॉन, डॉ. ज्योति दूबे, डॉ. राजीव कुमार आ डॉ. अनिल कुमार नामांकन कयने छथि। एहि पद पर कुल 6 उम्मीदवारक बीच मोकाबला होयबाक संभावना अछि।

पुटा चुनाव मे डॉ. कुमार सत्येंद्र यादव अध्यक्ष आ महासचिव, डॉ. सुप्रिया कृष्णन अध्यक्ष आ उपाध्यक्ष, डॉ. दीप नारायण महासचिव आ संयुक्त सचिव तथा डॉ. वीरेंद्र पासवान उपाध्यक्ष आ महासचिव पद लेल नामांकन कयने छथि।

# मब्बी चौक स्थित कंप्यूटर दोकानदार सं हथियारक बल पर 50 हजार नकद आ लैपटॉपक लूट

## बाइक सवार तीन अपराधी देलक घटना कें अंजाम, पुलिस जांच मे जुटल

**रोसड़ा, समदिया**

रोसड़ा थाना क्षेत्रक मब्बी चौक पर मंगलदिन भोर मे बाइक सवार तीन अपराधी पिस्टलक भय देखाकऽ लूटपाटक घटना केलनि। अपराधी यूनिक कंप्यूटर नामक दोकानक संचालक मोहम्मद हसमतक माथ पर पिस्टल सटा हुनकर बैग लूटि फरार भए गेलाह। पीड़ितक अनुसार, बैग मे करीब 50 हजार टका नकद, एकटा लैपटॉप आ एकटा फिंगरप्रिंट डिवाइस छल। भेटल जानकारीक अनुसार, मब्बी चौक स्थित यूनिक कंप्यूटर दोकान मे ऑनलाइन आवेदन, मोबाइल रिपेयरिंग आ आधारक माध्यम सं टका निकासी सहित अन्य काज कयल जाइत अछि। मंगलदिन भोर मे दोकान संचालक मोहम्मद हसमत दोकान खोलबाक लेल पहुंचल छलाह। दोकान खोललाक बाद ओ अपन बैग भीतर रखि सफाइ करय लगलाह। एही बीच एकटा बाइक पर सवार तीन अपराधी ओतय पहुंचलाह।



अपराधी दोकानदार पर पिस्टल तानि देलनि आ हुनकर बैग लए कए फरार भए गेलाह। अनचोके भेल एहि घटना सं दोकानदार घबरा गेलाह। अपराधी सभक भागलाक बाद आसपासक लोकक भीड़ घटनास्थल पर जुटि गेल। घटनाक सूचना पुलिस कें देल गेल, जाहि बाद पुलिस जांच मे जुटि गेल। पीड़ित मोहम्मद हसमत बतौलनि जे बैग मे करीब 50 हजार टका नकद, एकटा लैपटॉप आ एकटा फिंगरप्रिंट डिवाइस छल। अपराधी हथियारक बल पर बैग लूटि भागि गेलाह। घटनाक बाद इलाका मे एहि लूटपाटक चर्चा होइत रहल। दोकान मे लागल सीसीटीवी कैमरा आ आसपासक क्षेत्रक जांच कयल जा रहल अछि। पुलिस अपराधी सभक पहचान करबाक संग घटना सं जुड़ल अन्य पहलु सभक जांच मे जुटल अछि। एहि संबंध मे अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी संजय कुमार सिन्हा कहलनि जे मब्बी चौक पर लूटपाटक घटनाक जानकारी भेटल अछि। मामिलाक जांच कयल जा रहल अछि।

# सहरसा मे निगरानी विभागक कारबाइ मे घूस लैत आवास सहायक गिरफ्तार

## शिकायतक सत्यापनक बाद टीम बिछौने छल जाल

**सहरसा, समदिया**

बिहारक सहरसा जिला मे निगरानी विभागक टीम प्रधानमंत्री आवास योजनाक लाभुक सं रिश्वत लैत सौरबाजार नगर पंचायत मे तैनात आवास सहायक मुकुल कुमार कें रंगे हाथ गिरफ्तार कयलक। आरोप अछि जे योजना राशि स्वीकृत करय आ किस्त जारी करयबाक बदला मे लाभुक सं रिश्वत मांगल जा रहल छल। भेटल जानकारीक अनुसार, रिश्वतक मांग सं परेशान लाभुक निगरानी विभाग मे शिकायत कयने छलाह। शिकायत भेटलाक बाद विभागक टीम मामिलाक सत्यापन कयलक। आरोप सही पयलाक बाद विशेष टीम गठित क जाल बिछाओल गेल। एहि दौरान आवास सहायक मुकुल कुमार कें कथित रूप सं रिश्वतक रकम लैत पकड़ि लेल गेल। गिरफ्तारीक बाद निगरानी विभागक टीम आरोपी कें आगूक कानूनी प्रक्रिया आ



पूछताछ लेल अपना संग लए गेल। एहि मामिला मे रिश्वतक रकम कतेक छल, से उपलब्ध जानकारी मे स्पष्ट नहि कयल गेल अछि। उल्लेखनीय अछि जे प्रधानमंत्री आवास योजनाक उद्देश्य गरीब आ बेघर परिवार कें पक्का मकान उपलब्ध करेनाइ अछि। एहन योजना मे लाभ देबाक नाम पर रिश्वत मांगबाक आरोप गरीब लाभुकसभक लेल गंभीर समस्या अछि। योजनाक लाभ पारदर्शी ढंग सं वास्तविक पात्र लोक धरि पहुंचय, से सुनिश्चित करब प्रशासनक लेल महत्वपूर्ण अछि। एहि कारबाइक बाद सहरसा जिला प्रशासन आ सौरबाजार नगर पंचायत मे हलचल देखल जा रहल अछि। निगरानी विभागक कारबाइ कें क्षेत्र मे भ्रष्टाचार संबंधी शिकायत पर कयल गेल कदमक रूप मे देखल जा रहल अछि।

# बिहारक 26 हजार सहकारी समिति सं जुड़ल 1.6 करोड़ लोकक होयत प्रशिक्षण

**पटना, समदिया**

बिहारक करीब 26 हजार सहकारी समिति सं जुड़ल 1.6 करोड़ लोक कें प्रशिक्षित क सहकारिता क्षेत्र कें बेसी सशक्त, सक्षम आ रोजगारोन्मुखी बनाओल जायत। एहि लेल सहकारिता क्षेत्र मे मानव संसाधन विकास आ कौशल संवर्धन पर विशेष जोर देल जा रहल अछि। एहि उद्देश्य सं बुधदिन पटना स्थित डीएनएस क्षेत्रीय सहकारी प्रबंध संस्थान मे भारत सरकारक सहकारिता मंत्रालय आ त्रिभुवन सहकारी यूनिवर्सिटीक संयुक्त तत्वावधान मे राष्ट्रीय सहकारी प्रशिक्षण ढांचा (एनसीटीएफ)क पूर्वी क्षेत्रीय परामर्श बैसार आयोजित भेल। बैसार मे सहकारी संस्थाक प्रशिक्षण व्यवस्था मजबूत करबाक, कुशल कार्यबल तैयार करबाक आ संस्था सभ कें पेशेवर बनयबाक विभिन्न पहलू पर चर्चा भेल। बैसार कें संबोधित करैत बिहारक सहयोग समितिक निबंधक रजनीश कुमार सिंह



कहलनि जे राज्य मे करीब 26 हजार सहकारी समिति सं लगभग 1.6 करोड़ लोक जुड़ल छथि। ई राज्यक कुल जनसंख्याक करीब 10 प्रतिशत आ वयस्क जनसंख्याक अनुमानित 20 प्रतिशत अछि। एतेक पैघ जनाधार सहकारिता क्षेत्रक महत्ता आ संभावना देखबैत अछि। ओ कहलनि जे सहकारिता क्षेत्र सं जुड़ल लोकसभक क्षमता बढ़ेबाक लेल व्यवस्थित प्रशिक्षण, कौशल विकास आ व्यावसायिक दक्षता जरूरी अछि। बिहार कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगारक अवसर सृजन करब सहकारिता विभागक प्राथमिकता अछि। ओ त्रिभुवन सहकारी यूनिवर्सिटी सं राज्यक आवश्यकता अनुरूप कुशल कार्यबल तैयार करबा मे सहयोग करबाक आग्रह कयलनि। त्रिभुवन सहकारी यूनिवर्सिटीक कुलपति एसपी सिंह कहलनि जे सहकारिता क्षेत्र कें युवासभक लेल आकर्षक बनेबाक आ पेशेवर प्रतिभा कें एहि क्षेत्र सं जोड़बाक प्रयास भए रहल अछि। प्रशिक्षण कार्यक्रम कें प्रभावी आ सुलभ बनेबाक लेल डिजिटल डैशबोर्ड विकसित कयल जा रहल अछि। सहकारिता मंत्रालयक निदेशक (नीति) मुकेश कुमार कहलनि जे राष्ट्रीय सहकारी प्रशिक्षण ढांचाक उद्देश्य सहकार सं समृद्धिक सोच अनुरूप मानव संसाधन विकास आ कौशल संवर्धन कें मजबूत करब अछि।

## बिहार भरि मे कांग्रेस मोदीक पुतला फूकलनि, प्रधानमंत्री सं इस्तीफाक मांग

**पटना।** मंगलदिन बिहार भरि मे कांग्रेस पार्टीक कार्यकर्ता सभ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक पुतला फूकलनि। एहि सं पहिने कांग्रेस कार्यकर्ता सभ सभ जिला मुख्यालय पर प्रदर्शन कयलनि आ केंद्र सरकारक विरुद्ध जमि कए नारा लगौलनि। कांग्रेस आरोप लगौलक जे नरेंद्र मोदीक नेतृत्ववाली केंद्र सरकार दलित विरोधी अछि। पार्टीक कहब अछि जे भाजपा कांग्रेसक दलित अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे कें अपमानित करबाक कुत्सित प्रयास करैत रहैत अछि। कांग्रेसक आरोप अछि जे भाजपा कांग्रेसक दलित अध्यक्ष कें बर्दाश्त नहि कए पाबि रहल अछि। कांग्रेसक अनुसार, उत्तराखंड मे मल्लिकार्जुन खड़गेक कार्यक्रमक बाद भाजपा आ राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस) सं जुड़ल लोक सभ शुद्धीकरण पूजा कयलनि। आब हुनका विरुद्ध देश भरि मे प्रदर्शन कयल जा रहल अछि।

# दरभंगा मे निशांमुक्त बिहार अभियान शुरू विद्यार्थी सभ लेलनि निशांमुक्तिक शपथ

**दरभंगा, समदिया**

बिहार सरकारक एक माहक निशांमुक्त बिहार अभियान-2026 केर शुभारंभ सोमदिन पटना स्थित अधिवेशन भवन मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे आयोजित राज्यस्तरीय कार्यक्रमक संग भेल। दरभंगा मे एहि कार्यक्रमक सीधा प्रसारण +2 बीकेडी हाई स्कूल (जिला स्कूल) मे कयल गेल। कार्यक्रम मे विद्यार्थी आ जिलास्तरीय पदाधिकारी सभ भाग लेलनि। एकर बाद उपस्थित विद्यार्थी आ अधिकारी सभ सामूहिक रूप सं निशांमुक्तिक शपथ लेलनि। कार्यक्रम मे ग्रामीण एसपी साक्षी कुमारी, अपर समाहर्ता (आपदा प्रबंधन) सलीम अख्तर, उपायुक्त मद्यनिषेध दीनबंधु आ सहायक आयुक्त मद्यनिषेध प्रदीप कुमार सहित विभिन्न विभागक पदाधिकारी, शिक्षक-शिक्षिका आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह। मुख्य



अतिथि सभक स्वागत गाछ भेंट कए कयल गेल। 27 अक्टूबर सं 25 नवंबर धरि चलयवला एहि अभियान कें समाजक सभ वर्ग धरि पहुंचयबाक लेल चारि चरण मे बांटल गेल अछि। एहि क्रम मे नगर निगम क्षेत्र, बस पड़ाव आ अन्य सार्वजनिक स्थल पर दीवार लेखन, पोस्टर, नारा, नुक्कड़ नाटक आ सेल्फी प्वाइंटक माध्यम सं निशांमुक्तिक संदेश देल जाएत। एलईडी वैनक माध्यम सं ऑडियो जिंगल बजाकऽ लोक कें जागरूक कयल जाएत। ग्रामीण क्षेत्र मे प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय आ जीविका दीदी सभक सहयोग सं जागरूकता अभियान चलाओल जाएत। एहि लेल एकटा जीविका दीदी कें निशांमुक्ति मित्रक रूप मे चुनल जाएत। छठ महापर्वक दौरान प्रमुख घाट सभ पर बैनर-पोस्टर लगाकऽ लोक कें निशांमुक्त जीवनशैली अपनयबाक लेल प्रेरित कयल जाएत।

### शिक्षण संस्थान मे होयत प्रतियोगिता

अभियानक अंतर्गत सभ शिक्षण संस्थान मे निबंध, वाद-विवाद आ चित्रकला प्रतियोगिताक आयोजन कयल जाएत। विद्यार्थी सभक निशांमुक्ति शपथ कें पोर्टल पर दर्ज कयल जाएत। प्रमुख विद्यालय सभ मे निशांमुक्ति पर आधारित लघु फिल्म आ डॉक्यूमेंट्री सेहो देखाओल जाएत। अभियानक संचालन आ निगरानी लेल जिलाधिकारीक अध्यक्षता मे जिलास्तरीय समिति गठित कयल गेल अछि। समिति प्रत्येक सप्ताह बैसार कए अभियानक प्रगतिक समीक्षा करत। जिला प्रशासनक उद्देश्य युवा, विद्यार्थी आ आम लोक कें निशांक दुष्परिणाम सं अवगत करबैत समाज मे निशांमुक्त जीवनशैली कें बढ़ावा देब अछि।

# राष्ट्रीय रेड रन 4.0क मेजबानी करत बिहार, 3 नवंबर कें पटना मे होयत दौड़




- **गांधी मैदान सं भोर 5 बजे शुरू होयत 10 किलोमीटरक दौड़, देश भरि सं जुटताह युवा प्रतिभागी**

**पटना, समदिया**

बिहार राष्ट्रीय रेड रन 4.0-2026क मेजबानी करत। राष्ट्रीय एड्स नियंत्रण संगठन (नाको), भारत सरकारक तत्वावधान मे आयोजित एहि कार्यक्रमक आयोजन 3 नवंबर 2026 कें पटना स्थित गांधी मैदान मे होयत। बिहार राज्य एड्स नियंत्रण समितिक तत्वावधान मे भोर 5 बजे 10 किलोमीटरक राष्ट्रीय रेड रन दौड़ शुरू होयत। एहि आयोजनक मुख्य उद्देश्य युवा सभ आ आम लोक कें एचआइवी (लक्ष्य) प्रति जागरूक करब, स्वस्थ जीवनशैली अपनयबाक लेल प्रेरित करब आ एचआइवी प्रभावित लोकक संग होयवला सामाजिक भेदभाव समाप्त करबाक संदेश देब अछि। राष्ट्रीय स्तरक एहि कार्यक्रम मे देशक विभिन्न राज्य सं करीब 250 युवा प्रतिभागी, नोडल पदाधिकारी आ अन्य गणमान्य लोकक शामिल होयबाक संभावना अछि। आम लोकक भागीदारी सुनिश्चित करबाक आ जागरूकताक संदेश बेसी लोक धरि पहुंचयबाक लेल करीब 1,000 प्रतिभागीक सहभागिता सं 2 किलोमीटरक वॉकथॉन सेहो आयोजित होयत। राष्ट्रीय रेड रन आ वॉकथॉन दुनू गांधी मैदान, पटना सं शुरू होयत। प्रतिभागी जेपी गंगा पथ पर गंगा नदी दिस पड़यवला लेन सं गुजरैत फेर गांधी मैदान पहुंचताह। दुनू कार्यक्रमक समापन गांधी मैदान स्थित मुख्य मंचक लग होयत। स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार आम लोक आ युवा सभ सं एहि जागरूकता अभियान मे बढ़ि-चढ़ि क भाग लेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे एचआइवी प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ, समय पर जांच आ उपचार लेल लोक कें प्रेरित करब तथा एहि रोग सं प्रभावित लोकक प्रति भेदभाव समाप्त करब हम सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे एहि तरहक आयोजन युवासभक सक्रिय भागीदारी सं समाज मे सकारात्मक बदलाव अनबाक आ जागरूकताक संदेश जन-जन धरि पहुंचयबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। ओ लोक सभ सं एहि अभियान सं जुड़ि स्वस्थ, जागरूक आ भेदभावमुक्त समाज बनाबय मे अपन योगदान देबाक आह्वान कयलनि।

# गंगा बाढ़ि नियंत्रण आयोगक मुख्यालय पटने मे रहय : उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी

## विजय कुमार चौधरीक मांग पर केंद्रीय जलशक्ति मंत्री देलनि निर्देश

**पटना/नई दिल्ली, समदिया**

गंगा बाढ़ि नियंत्रण आयोगक मुख्यालय पटना सं दिल्ली स्थानांतरित करबाक निर्णयक उपमुख्यमंत्री-सह-जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी विरोध कयलनि। हुनकर मांग पर केंद्रीय जलशक्ति मंत्री सी. आर. पाटिल आयोगक मुख्यालय पूर्ववत पटने मे रखबाक निर्देश देलनि। नई दिल्ली मे आयोजित गंगा बाढि नियंत्रण बोर्डक 19म बैसार मे विजय कुमार चौधरी कहलनि जे 1972 मे आयोगक गठनक समये सं एकर अध्यक्ष आ सदस्य सभक मुख्यालय पटने मे रहल अछि। मुदा हालहि केंद्रीय जलशक्ति मंत्रालय एकरा दिल्ली स्थानांतरित क देने अछि। एहि निर्णय सं बिहार मे बाढि प्रबंधन योजनाक स्वीकृति प्राप्त करब कठिन भए जायत आ बाढि निरोधक काज सेहो समय पर पूरा नहि भए सकत। उल्लेखनीय अछि जे एहि संबंध मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी पहिनहियो आयोगक मुख्यालय पटने मे बनल रहबाक अनुरोध कयने छलाह। बैसार मे ओ कहलनि जे मूल परिकल्पनाक अनुरूप आयोगक मुख्यालय पूर्ववत पटने मे रहबाक चाही। एकरा दिल्ली स्थानांतरित करब उचित नहि अछि। विजय कुमार चौधरीक एहि मांगक समर्थन पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री शुभेंदु अधिकारी आ उत्तर प्रदेशक जल संसाधन मंत्री स्वतंत्र देव सिंह सेहो कयलनि। एकर बाद केंद्रीय जलशक्ति मंत्री सी. आर. पाटिल



आयोगक मुख्यालय पूर्ववत पटने मे रखबाक निर्देश देलनि।

उपमुख्यमंत्री बाढि प्रबंधन कार्यक्रम (फ्लड मैनेजमेंट प्रोग्राम) आ नदी प्रबंधन तथा सीमावर्ती क्षेत्र कार्यक्रम (रिवर मैनेजमेंट एंड बॉर्डर एरिया प्रोग्राम)क योजनाक स्वीकृति केंद्र सरकार द्वारा समय पर देबाक मांग सेहो कयलनि।

ओ कहलनि जे बिहार सरकारक प्रयास रहत जे बाढि प्रबंधन सं जुड़ल योजना सभ दिसंबरक अंत धरि केंद्र सरकार कें पठा देल जाय। एहि लेल एहन व्यवस्था होयबाक चाही जाहि मे केंद्रीय जल आयोग आ जलशक्ति मंत्रालय फरवरीक अंत धरि योजनाक स्वीकृति द दे। तखन योजनाक कार्यान्वयन लेल तीन महीनाक समय बचत। केंद्रीय जलशक्ति मंत्री एहि संबंध मे शीघ्र कारबाइ करबाक आश्वासन देलनि। बैसार मे बिहारक दोसर प्रमुख समस्या गाद प्रबंधनक मुद्दा सेहो गंभीरतापूर्वक उठाओल गेल। विजय कुमार चौधरी कहलनि जे नदीक पेट मे अनियंत्रित रूपें गाद जमा होयला सं नदी सभक पानि धारण करबाक क्षमता लगातार घटि रहल अछि। एहि कारण बाढ़िक विकरालता सेहो बढ़ैत अछि। गाद जमा होयबाक कारण नदीक पेट लगातार ऊपर उठि रहल अछि। एहि कारण हालक दिन मे नदी सभ मे उच्चतम बाढ़ि जलस्तर (एचएफएल)क नव-नव रिकार्ड बनि रहल अछि। ओ चेतौलनि जे समय रहैत गाद प्रबंधन नहि कयल गेल तं नदी सभ मरणासन्न भए जायत। उपमुख्यमंत्री कहलनि जे देश मे पहिल बेर बिहार मे गाद प्रबंधनक संग ओकर व्यावसायिक उपयोग कें जोड़ैत बिहार जलस्रोत पुनर्स्थापन एवं गाद प्रबंधन नीति 2026 बनाओल गेल अछि। केंद्र सरकार कें सेहो राष्ट्रीय गाद प्रबंधन नीति बनेबाक चाही, जाहि सं एहि समस्याक समाधान लेल व्यापक स्तर पर काज कयल जा सकय। बैठकक अध्यक्षता भारत सरकारक केंद्रीय जलशक्ति मंत्री सी. आर. पाटिल कयलनि। एहि मे केंद्रीय कृषि एवं किसान कल्याण राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर, पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री शुभेंदु अधिकारी, उत्तर प्रदेशक जल संसाधन मंत्री स्वतंत्र देव सिंह आ बिहारक जल संसाधन विभागक सचिव डॉ. चंद्रशेखर सिंह सहित केंद्र आ विभिन्न राज्यक अधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे केंद्रीय वित्त, रेलवे, सड़क परिवहन एवं राजमार्ग, ग्रामीण विकास, कृषि एवं किसान कल्याण मंत्रालय, नीति आयोग, केंद्रीय जल आयोग, केंद्रीय जल संसाधन, नदी विकास एवं गंगा संरक्षण विभागक प्रतिनिधि आ उत्तर प्रदेश, मध्य प्रदेश, हरियाणा, हिमाचल प्रदेश, राजस्थान, पश्चिम बंगाल, झारखंड, उत्तराखंड तथा छत्तीसगढ़ सहित विभिन्न राज्यक अधिकारी सेहो भाग लेलनि।

# बिहार मे बकियोता ई-चालान नहि चुकेला पर वाहन होयत ब्लैकलिस्ट




**पटना, समदिया**

बिहार मे बकाया ई-चालान आ यातायात जुमार्ना नहि चुकयवला वाहन चालकसभक विरुद्ध परिवहन विभाग सख्त कारबाइ करबाक तैयारी कयने अछि। सर्वोच्च न्यायालय द्वारा जारी दिशा-निर्देशक आलोक मे राज्य परिवहन आयुक्त आरिफ अहसन सभ क्षेत्रीय आ जिला परिवहन पदाधिकारी (डीटीओ) कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि अछि। नव आदेशक अंतर्गत बकाया जुमार्ना नहि चुकयवला वाहन सभ कें परिवहन पोर्टल पर ब्लैकलिस्ट क देल जायत आ ओकर सभ ऑनलाइन सेवा रोकि देल जायत।

परिवहन विभागक अनुसार, जाबत धरि लंबित ई-चालानक पूरा भुगतान नहि होयत, ताबत धरि संबंधित वाहनक निबंधन प्रमाणपत्र (आरसी) नवीकरण, आरसीक दोसर प्रति जारी करब आ वाहन मालिकक पता बदलबाक सुविधा बंद रहत। एकर अतिरिक्त वाहनक फिटनेस प्रमाणपत्र आ प्रदूषण प्रमाणपत्र (पीयूसी) सेहो जारी नहि कयल जायत। बेर-बेर यातायात नियम तोड़यवला चालकसभक ड्राइविंग लाइसेंस नवीकरण पर रोक लगाओल जा सकैत अछि। संगहि, लाइसेंस निलंबित करबाक कारबाइ सेहो होयत। आदेशक असर वाहनक स्वामित्व हस्तांतरण पर सेहो पड़त। बकाया जुमार्ना चुकौने बिना वाहनक खरीद-बिक्री संभव नहि होयत। विभाग सड़क पर एहन वाहनसभक औचक जांच करबाक निर्देश सेहो देने अछि। जांचक दौरान जाहि वाहन पर ई-चालानक जुमार्ना बकाया भेटत, ओकरा मौका पर जब्त करबाक कानूनी कारबाइ कयल जा सकैत अछि। परिवहन सचिव राज कुमार कहलनि जे एहि सख्त कदमक उद्देश्य मात्र जुमार्ना वसूलब नहि, बल्कि चालक सभ मे अनुशासन आ जिम्मेदारीक भावना विकसित करब अछि, जाहि सं सड़क दुर्घटना पर प्रभावी रोक लगाओल जा सकय। राज्य परिवहन आयुक्त कहलनि जे बेर-बेर यातायात नियम तोड़बाक प्रवृत्ति पर रोक लगेनाइ जरूरी अछि। परिवहन विभाग सड़क सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

# झंझारपुर कें 6.94 करोड़क दूटा पैघ सनेश : मेडिकल कॉलेज रोड आ चिल्ड्रेन पार्क कें भेटल मंजूरी

## एसडीएम कार्यालयक सामने बनत आधुनिक बाल उद्यान

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्रक विकास लेल 6.94 करोड़ टाकाक दू महत्वपूर्ण योजना कें प्रशासनिक स्वीकृति भेटल अछि। बिहार सरकारक नगर विकास एवं आवास मंत्री नीतीश मिश्रक प्रयास सं मेडिकल कॉलेज धरि सड़क आ नाला निर्माण तथा आधुनिक चिल्ड्रेन पार्क बनेबाक बाट प्रशस्त भेल अछि। एहि दुनू योजना सं नगर मे चिकित्सा सुविधा धरि पहुंच सुगम होयबाक संग शहरी सौंदर्यीकरण कें सेहोबढ़ावा भेटत। मेडिकल कॉलेज धरि बनत सड़क आ नाला नगर परिषद क्षेत्र मे पथ निर्माण विभागक सड़क सं मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल धरि जायवाली सड़क आ नालाक निर्माण लेल 246.367 लाख,



अर्थात करीब 2.46 करोड़ टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। एहि मे तत्काल 46.367 लाख टाका स्वीकृत भेल अछि, जखन कि शेष 200 लाख टाका बाद मे जारी कयल जाएत। सड़क आ नाला बनला सं मेडिकल कॉलेज-अस्पताल धरि आवागमन सुगम होयत आजलजमावक समस्या सं राहति भेटबाक आशा अछि।एसडीएम कार्यालयक सोझां बनत आधुनिक चिल्ड्रेन पार्कअमृत-2.0 योजनाक अंतर्गत वार्ड नंबर-24 मे अनुमंडल

**» मंत्री नीतीश मिश्रक प्रयास सं विकास योजना कें भेटल प्रशासनिक स्वीकृति**

पदाधिकारी कार्यालयक सोझां स्थित जमीन पर चिल्ड्रेन पार्कक निर्माण, जीर्णोद्धार आ कायाकल्प कयल जाएत। एहि योजनाक लेल 447.832 लाख, अर्थात करीब 4.48 करोड़ टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति भेटल अछि। एहि मे केंद्रांश 205.17044 लाख आ राज्यांश 242.66156 लाख टाका शामिल अछि। आधुनिक पार्क मे भव्य प्रवेश द्वार, 450 मीटर लंबा चारदीवारी, 167 वर्गमीटरक पार्किंग, एफआरपी निर्मित 4 आकर्षक मूर्ति, वर्षाजल संचयन व्यवस्था, बोर पंप आ सौर ऊर्जा सं चलयवाली 57 लाइट लगाओलजाएत। एकर अतिरिक्त 4 कॉटेज अथवा गजेबो, बच्चा सभक लेल आधुनिक खेल उपकरण, ओपन जिम, शौचालय आ आकर्षक बागवानीक व्यवस्था रहत। नगर परिषदक अधिकारी सभक अनुसार, शीघ्रे निविदा प्रक्रिया शुरू कय निर्माण काज आरंभ करबाक तैयारी अछि। एहि योजना सं झंझारपुरक नागरिक, विशेष क बच्चा आ युवा सभ कें मनोरंजन आ व्यायामक नीक सुविधा भेटत।

# झंझारपुर उपकारा मे बंदी दरबार 275 बंदी रखलनि अपन समस्या

## तत्काल समाधान योग्य मामिलाक भेल निपटारा

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर उपकारा मे अनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारीक अध्यक्षता मे बंदी दरबारक आयोजन कयलगेल। एहि दरबार मे उपकारा मे बंद 275 बंदी अपन समस्या आ सुझाव लिखित आ मौखिक रूप संअधिकारी सभक सोझां रखलनि। तत्काल समाधान योग्य समस्या सभक निपटारा ओतहि कयल गेल, जखन कि शेष समस्या सभक उचित समाधान करबाक आश्वासन देल गेल। बंदी दरबार मे अनुमंडलपुलिस पदाधिकारी सुबोध कुमार सिन्हा, कारा अधीक्षक राकेश कुमार सिंह, कारा चिकित्सा पदाधिकारी डॉ.इकरामुल हक, उपाधीक्षक संजय कुमार शर्मा, सहायक अधीक्षक मुकुंद माधव त्रिवेदी, जफर आलम सहित अन्य काराकर्मी उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी, मधुबनीक निर्देश पर झंझारपुर उपकाराक सुरक्षा अंकेक्षण




लेल निरीक्षण कयल गेल। एहि दौरान अनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारी, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सुबोध कुमार सिन्हा, भवन निर्माण विभागक कार्यपालक अभियंता कुमार आनंद, विद्युत विभागक सहायकअभियंता रंजन कुमार, भवन निर्माण विभागक कनीय अभियंता अवनीश कुमार आ काराक अधिकारी सभउपस्थित छलाह। निरीक्षणक क्रम मे उपकाराक सुरक्षा व्यवस्था आ परिसरक चारूकात बनल परिमीटर वॉलक स्थिति देखल गेल। परिमीटर वॉल कें 3 फीट ऊंच करबाक काज पूरा भेलाक बाद परिसर मे 4 नव सुरक्षा टावरबनयबाक निर्देश कारा अधीक्षक कें देल गेल। अधिकारी सभ सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कय आवश्यकसुधार करबाक निर्देश देलनि। एहि पहल सं उपकाराक सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक आ बंदी सभक समस्या कें सुनि ओकर उचित समाधान करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

# लदनियां मे 1.18 करोड़ टाकाक अवैध पटाखा जब्त, महिला सहित 2 गोटे गिरफ्तार

## मुख्य आरोपित संतोष पूर्वेक गिरफ्तारी लेल छापामारी जारी

मधुबनी, समदिया

आगामी पर्व-त्योहार कें देखैत जनसुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल मधुबनी जिला मे अवैध पटाखाकभंडारण, परिवहन आ बिक्रीक विरुद्ध पुलिस सघन छापामारी अभियान चला रहल अछि। एहि क्रम मे लदनियां थाना पुलिस लदनियां बाजार मे छापामारी क करीब 1.18 करोड़ टाकाक अवैध पटाखा जब्त कयलक। एहि मामिला मे एक महिलासहित 2 आरोपित कें गिरफ्तार कयल गेल अछि, जखन कि मुख्यआरोपित संतोष पूर्वे फरार अछि। पुलिसक अनुसार, लदनियां बाजार मे बिना वैध अनुज्ञप्ति भारी मात्रा मे पटाखा बेचबाक लेल नुकाक रखबाक गुप्त सूचना भेटल छल। एहि सूचना सं वरीय अधिकारी सभ कें अवगत करयबाक बाद हुनकर निर्देश



पर पुलिस दल लदनियां बाजार स्थित श्रीराम ट्रेडर्स दोकान, पूर्व कोल्ड ड्रिंक दोकान, संतोष पूर्वेक किरायाक गोदाम आ हुनकर आवासीय मकान मे विधिवत छापामारी कयलक। तलाशी क दौरान सभ ठाम सं भारी मात्रा मे अवैध रूप सं भंडारित पटाखा बरामद क जब्त कयल गेल।पुलिस द्वारा जब्त पटाखाक कुल बाजार मूल्य 1,18,00,983 टाका आंकल गेल अछि। एहि मामिला मे लदनियां थाना कांड संख्या 462/26, दिनांक 26 अक्टूबर 2026, भारतीय न्याय संहिता (बीएनएस)क धारा 288 आ विस्फोटक पदार्थ अधिनियम, 1884क धारा 9(बी)(1)(बी) क अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कयल गेलअछि। पुलिस गिरफ्तार आरोपित सभ सं पूछताछ सहित आगांक कानूनी कारबाइ क रहल अछि। पुलिसक कहब अछि जे फरार मुख्य आरोपित संतोष पूर्वेक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकाना सभ पर सघन छापामारी कयल जा रहल अछि। आगामी पर्व-त्योहारक समय जनसुरक्षा कें ध्यान मे रखैत अवैधपटाखाक भंडारण आ कारोबार पर रोक लगयबाक लेल अभियान जारी रहत।

# छठ महापर्व सं पहिने मधुबनीक सभ सड़क कें खदहामुक्त करबाक डीएमक निर्देश

## 12 नवंबर सं पहिने जांच आ मरम्मतिक काज पूरा करबाक लक्ष्य

मधुबनी, समदिया

लोकआस्था, श्रद्धा आ सूर्योपासनाक महापर्व छठ पर व्रती आ श्रद्धालु सभक आवागमन सुगम, सुरक्षितआ निर्बाध बनेबाक लेल जिलाधिकारी आनंद शर्मा जिला भरिक सभ सड़क कें गड्ढामुक्त करबाक सख्तनिर्देश देलनि अछि। एहि संबंध मे जिलाधिकारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं कायाकल्प अभियानकसमीक्षा कय संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। समीक्षा बैसार मे जिलाधिकारी सभप्रखंडक प्रखंड नोडल पदाधिकारी कें संबंधित विभागक कनीय अभियंता (जेई) अथवा सहायक अभियंता(एई) संग समन्वय बना सड़कक स्थलीय जांच करबाक आ ओकर स्थिति संबंधी



प्रतिवेदन देबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कयलनि जे छठ महापर्वक समय श्रद्धालु सभ कें आवागमन मे कोनो असुविधा नहि होयबाक चाही। एहि लेल सड़कक जांच, मरम्मति आ गड्ढा भरबाक काज युद्धस्तर पर निर्धारित समय- सीमा मे पूरा कयल जाए। जिलाधिकारी सभ अनुमंडल पदाधिकारी कें एहि काजक निरंतर निगरानीकरबाक निर्देश देलनि। संबंधित विभाग कें अपन अधीनस्थ सड़कक स्थिति देखैत आवश्यक मरम्मतिकरबाक आ छठ सं पहिने सभ सड़क कें सुरक्षित बनेबाक लेल कहलनि। काज मे कोनो तरहक शिथिलताबर्दाश्त नहि कयल जाएत। सड़कक स्थिति आ मरम्मति काज मे पारदर्शिता बनौने रखबाक लेल गड्ढामुक्त सड़कक जानकारीसंबंधित सोशल मीडिया हैंडल पर नियमित रूप सं साझा करबाक निर्देश देल गेल। अद्यतन आंकड़ा आ काजक प्रगति समय पर उपलब्ध करयबाक लेल सेहो कहल गेल। कायाकल्प अभियानक प्रभावी निगरानी लेल उप विकास आयुक्त कें जिला ग्रामीण विकास अभिकरण मे विशेष सेल गठित करबाक निर्देश देल गेल। एहि सेल द्वारा प्रखंड विकास पदाधिकारी सभक काजक नियमित निगरानी आ लक्ष्य प्राप्तिकसमीक्षा कयल जाएत। बैसार मे जानकारी देल गेल जे जिला मे पथ निर्माण विभाग, भारतीय राष्ट्रीयराजमार्ग प्राधिकरण आ पुल निर्माण निगमक अधीन कुल 37 सड़क अछि। एकर अतिरिक्त ग्रामीण कार्य विभागक पांच कार्य प्रमंडल कार्यरत अछि। जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे 12 नवंबर सं पहिने सभ सड़ककजांच आ गड्ढामुक्त करबाक काज पूरा कय लेल जाए।

# राम चौक मे छापामारी, 21.300 लीटर नेपाली देसी शराब बरामद, दू गोटे गिरफ्तार

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर थाना पुलिस अवैध शराबक कारोबारक विरुद्ध कारबाइ करैत राम चौक, वार्ड नंबर-02 मेछापामारी क दू गोटे आरोपित कें गिरफ्तार कयलक। दुनू आरोपितक घर सं कुल 21.300 लीटर नेपालीदेसी शराब बरामद कयल गेल। पुलिस बरामद शराब जब्त क दुनू आरोपित कें गिरफ्तार कय आगांक कानूनी कारबाइ मे जुटल अछि। पुलिसक अनुसार, 26 अक्टूबर 2026 कें सांझ करीब 6:30 बजे गश्ती दल कें गुप्त सूचना भेटल जे राम चौक निवासी अशोक महतो आ विसंबर महतो अवैध शराबक खरीद-बिक्रीकरैत अछि। एहि सूचना सं वरीय अधिकारी कें अवगत करयबाक बाद पुलिस दल चौकीदार आ अन्यपुलिसकर्मीक संग ओतय पहुंचल। पुलिस वाहन देखिते दुनू व्यक्ति भागय लगल। मुदा पुलिस बलकसहयोग सं खदेड़ि दुनू कें पकड़ि लेल गेल। गिरफ्तार आरोपितक पहचान राम चौक वार्ड नंबर-02 निवासी खखन महतोक 52 वर्षीय पुत्र अशोक महतो आ हीरा महतोक 19 वर्षीय पुत्र विसंबर महतो उर्फ विशंभर महतोक रूप मे कयल गेल अछि।पुलिसक तलाशी मे अशोक महतोक घरक पाछां चापाकल लग राखल पीयर रंगक प्लास्टिक डब्बा सं 300मिलीलीटरक 34 बोतल नेपाली देसी शराब बरामद भेल। एहि बोतल सभ मे कुल 10.200 लीटर शराबछल। दोसर आरोपित विसंबर महतोक घरक देबालक कात राखल उज्जर रंगक प्लास्टिक बाल्टी सं 300मिलीलीटरक 37 बोतल शराब बरामद कयल गेल। एहि ठाम सं कुल 11.100 लीटर नेपाली मामाश्री देसीशराब भेटल। दुनू ठाम सं बरामद शराबक कुल मात्रा 21.300 लीटर अछि। पुलिस विधिवत जब्ती सूचीतैयार क शराब जब्त कय लेलक। पुलिसक कहब अछि जे शराबक अवैध खरीद-बिक्री, परिवहन आ भंडारण कानूनन संज्ञेय अपराध अछि। एहि मामिला मे गिरफ्तार दुनू आरोपितक विरुद्ध नियमानुसार आगांककारबाइ कयल जा रहल अछि।

# दिल्लीक इंडिया गठबंधनक रैली मे बेसी सं बेसी संख्या मे शामिल होथि लोक : इंद्राणी राय

सीतामढ़ी, समदिया

आगामी 1 नवंबर कें नई दिल्लीक रामलीला मैदान मे आयोजित होमय जा रहल इंडिया गठबंधनकविशाल रैली मे बेसी सं बेसी संख्या मे लोक शामिल होथि, एहि लेल राजद महिला प्रकोष्ठक पूर्व अध्यक्षइंद्राणी राय लोकनि सं अपील कयलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि रैली मे लोकक पैघ भागीदारी होयबाकचाही। संगहि, ओ आशा व्यक्त कयलनि जे रैली मे महिलाक संख्या सेहो पर्याप्त रहत। ओ कहलनि जे रैली कें सफल बनेबाक लेल बेसी सं बेसी लोकक सहभागिता आवश्यक अछि। एहि लेल ओ लगातार लोक सभ सं संपर्क कय रहल छथि आ हुनका 1 नवंबर कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे आयोजित रैली मेशामिल होयबाक लेल प्रेरित कय रहल छथि। श्रीमती राय रैली मे बेसी सं बेसी लोकक भागीदारी सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं जनसंपर्क अभियान चला रहल छथि। एहि क्रम मे ओ लोक सभ



सं एकजुट भए रैली मे शामिल होयबाक अपील कय रहल छथि। हुनकर कहब छनि जे एहि आयोजन मे महिलाकसेहो पैघ भागीदारी रहत। ओ आशा व्यक्त कयलनि जे बड़का संख्या मे महिला एहि रैलीक हिस्साबनतिह। इंद्राणी राय के अनुसार, जनसंपर्कक माध्यम सं लोक धरि रैलीक संदेश पहुंचाबय आ हुनका एहिमे शामिल होयबाक लेल प्रेरित करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

# भारत-नेपाल सीमा पर संदिग्ध कफ सिरप आ कपड़ा जब्त, 2 नेपाली नागरिक पकड़ल गेल

जयनगर, समदिया

भारत-नेपाल सीमा पर तस्करी आ अवैध गतिविधि सभ पर रोक लगयबाक लेल चलाओल जा रहल अभियानक क्रम मे 27 अक्टूबर 2026 कें सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगरक अग्रगामी 48म वाहिनीक 'सी' समवाय, पिपरौनक जवान सभ संदिग्ध कफ सिरप, कपड़ा आ मोबाइल फोन जब्त कयलनि। एहि कारबाइ मे नेपालक 2 नागरिक कें पकड़ल गेलनि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, 27 अक्टूबर कें करीब 10:50 बजे विशिष्ट सूचना भेटलाक बाद समवाय कमांडरक निर्देश पर 'सी' समवाय, पिपरौनक एएसआइ/जीडी मणिक नेतृत्व मे चारि जवानक विशेष गश्ती दल बनाओल गेल। गश्ती दल मधुबनी जिलाक हरलाखी थाना क्षेत्र मे सीमा स्तंभ संख्या 285/8 सं करीब 250 मीटर दूर 2 संदिग्ध व्यक्ति कें रोकलक। जांचक दौरान दुनू व्यक्तिक लग सं संदिग्ध



फेन्सेडिल डीएक्स कफ सिरपक 20 बोतल, विभिन्न प्रकारक कपड़ा आ 2 मोबाइल फोन बरामद भेल। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, ई सामान भारत सं नेपाल पैदल लए जाओल जा रहल छल। पकड़ल गेल व्यक्तिसभक पहचान नेपालक मधेश प्रदेश, धनुषा जिलाक निवासी रूप मे भेल अछि। हुनका सभक नाममनोज झा (करीब 66 बरख), पिता स्वर्गीय शोभाकांत झा, आ राजकुमारी देवी (करीब 50 बरख), पतिहरिदेव यादव अछि। जवानसभक कारबाइ मे संदिग्ध फेन्सेडिल डीएक्स कफ सिरपक 20 बोतल, 'मेन्सएंपोरियम एथनिक वेयर' ब्रांडक 15 पंजाबी कुर्ता, बिना ब्रांडक 23 पंजाबी कुर्ता, 'शेरा' ब्रांडक 30 अंडरवियर, 1 कीपैड मोबाइल फोन आ 1 एंड्रॉयड मोबाइल फोन जब्त कयल गेल। बरामद सामान आ पकड़ल गेल दुनू व्यक्तिक विरुद्ध आवश्यक कानूनी कारबाइ लेल हरलाखी थाना, मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। उपलब्ध जानकारीक अनुसार, मामिला मे एनडीपीएसअधिनियमक प्रावधानक अंतर्गत आवश्यक कारबाइ करबाक तैयारी अछि। एसएसबी, जयनगरक 48मवाहिनीक जवान भारत-नेपाल सीमा पर मादक पदार्थक तस्करी आ अन्य अवैध गतिविधि सभ रोकबाकलेल सतर्कता आ मुस्तैदी सं ड्यूटी कय रहल छथि। सीमा पर एहि तरहक गतिविधिसभक विरुद्धकारबाइ लगातार जारी अछि।

# 27 अक्टूबर सं 26 नवंबर धरि चलत निशांमुक्त बिहार अभियान

**» गाम-गाम आ घर-घर पहुंचत जागरूकताक संदेश**

मधुबनी, समदिया

निशांमुक्त बिहारक निर्माण आ नशीला पदार्थक दुष्प्रभावक प्रति लोक सभ कें जागरूक करबाक लेल एक मास धरि चलयवला विशेष अभियानक शुभारंभ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटना सं कयलनि। राज्यस्तरीयकार्यक्रमक सीधा प्रसारण सभ जिला मे कयल गेल। एहि अवसर पर मधुबनीक स्थानीय महिला कॉलेजकसभागार मे सेहो सीधा प्रसारणक व्यवस्था कयल गेल, जाहि मे स्कूली बच्चा सभक संग अपर समाहर्ता(राजस्व), सदर अनुमंडल पदाधिकारी, उत्पाद अधीक्षक, जिला शिक्षा पदाधिकारी आ विभिन्न विभागकअधिकारी शामिल भेलाह।27 अक्टूबर सं 26 नवंबर धरि चलत अभियान ई अभियान 27 अक्टूबर सं 26 नवंबर 2026 धरि चलत। एहि दौरान शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे व्यापकजनजागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जाएत। कार्यक्रम मे उपस्थित लोक सभ निशां नहि करबाक, दोसर कें जागरूक करबाक आ निशांमुक्त बिहारक निर्माण मे योगदान देबाक शपथ लेलनि।गाम-गाम आ घर-घर पहुंचत संदेशअभियानक संदेश जन-जन धरि पहुंचाबय लेल नगर निकाय, आइसीडीएस, जीविका, पंचायती राज, शिक्षा, स्वास्थ्य आ उत्पाद एवं मद्यनिषेध विभागक सहभागिता सुनिश्चित कयल जाएत। नुक्कड़ नाटक, होर्डिंग आ फ्लैक्सक माध्यम सं लोक सभ कें जागरूक कयल जाएत। जीविका दीदी आ आंगनबाड़ी सेविका-सहायिका घर-घर पहुंच निशांमुक्तिक संदेश देथिन। विद्यालय सभ मे सेहो जागरूकता कार्यक्रम आयोजित होयत। जिलाधिकारी अभियानक प्रभावी संचालन लेल संबंधित अधिकारी सभ कें दिवसवार कार्ययोजना बनेबाक निर्देश देलनि। ओ सभ विभाग कें आपसी समन्वय बना निर्धारित जिम्मेदारी समय पर पूरा करबाक लेल कहलनि।निशां स्वास्थ्य आ परिवार लेल हानिकारकनिशांक सेवन व्यक्ति कें शारीरिक आ मानसिक रूप सं प्रभावित करैत अछि। एकर असर परिवारक आर्थिक स्थिति, सामाजिक संबंध आ पूरा समाज पर पड़ैत अछि। एहि लेल युवा सभ कें निशां सं दूर राखब आ समाज मे जागरूकता बढ़ायब आवश्यक अछि। निशां सं जुड़ल सूचना लेल हेल्पलाइन जारी नशीला पदार्थ सं संबंधित सूचना देबाक लेल एंटी नारकोटिक हेल्पलाइन नंबर 90316 26043 जारी कयलगेल अछि। एहि नंबर पर संदेश पठा सूचना देल जा सकैत अछि। एकर अतिरिक्त टोल फ्री नंबर 15545 आ 18003456268 सेहो उपलब्ध अछि। जिलाधिकारी जिलावासीक अपील कयलनि जे ओ सभ अभियान मे सक्रिय भागीदारी निभाबथि आ अपना परिवार, मित्र आ आसपासक लोक कें निशांक दुष्प्रभावक प्रति जागरूक करथि। जनसहयोग सं निशांमुक्त, स्वस्थ आ जागरूक समाजक निर्माण संभव अछि।

## निशांमुक्ति अभियान लेल शिक्षक आ छात्र-छात्रा कें निशांमुक्तिक शपथ दियाओल गेल

बिस्फी, समदिया

निशांमुक्ति अभियान कें गति देबाक आ लोक सभ कें निशांक दुष्प्रभावक प्रति जागरूक करबाक उद्देश्येंप्रखंड क्षेत्रक सभ शैक्षणिक संस्थान मे मंगलदिन विशेष जनजागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहिअभियानक अंतर्गत विद्यालयक सभ शिक्षक आ छात्र-छात्रा कें निशांमुक्तिक शपथ दिऔल गेल। बीईओ बसंत कुमार सिंह कहलनि जे निशांमुक्ति सन महत्वपूर्ण सामाजिक अभियान मे जनभागीदारी आवश्यक अछि। एहि लेल विभिन्न स्तर पर जागरूकता



कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि, जाहि सं आमनागरिक, युवा, महिला आ विद्यार्थी सभ निशां सं दूर रहबाक लेल प्रेरित होथि। ई अभियान 26 नवंबर धरि चलत। एहि अवसर पर छात्र-छात्रा सभ निशां हटाउ, जीवन बचाउ आ स्वस्थ समाज अपनायब, शराब कें दूर भगायब सन गगनभेदी नारा लगौलनि। प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा, शत्रुघ्न राय, हरिशंकर प्रसाद दास, अशोक साफी, जयंत चौधरी, कमोद साफी, डॉ. विनोद कुमार झा, राजेश रंजन, हेमंत कुमार मिश्रा, मीनाक्षी कुमारी, ललिता देवी, विभा कुमारी, डॉ. कौशलेंद्र कुमार सिंह आ महेश प्रसाद शाह कहलनि जे निशां ने मात्र स्वास्थ्य कें नष्ट करैत अछि, बल्कि पूरा परिवार आ समाज कें विनाशक गर्त मे धकेलि दैतअछि। स्वस्थ आ शिक्षित समाजक निर्माण लेल मद्यनिषेध अत्यंत आवश्यक अछि।

# प्रधानमंत्रीक पिताक संबंध मे टिप्पणी लेल कांग्रेस देश सं माफी मंगय : संगीता सिंह

सीतामढ़ी, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक पिताक संबंध मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे द्वारा कथित अपमानजनक टिप्पणी कयल गेलाक विरोध मे बिहार प्रदेश भाजपा प्रवक्ता संगीता सिंह कड़गर प्रतिक्रिया व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे लोकतंत्र मे राजनीतिक विरोध करबाक पर्याप्त अवसर अछि, मुदा ककरो परिवारकें निशाना बनायब भारतीय राजनीति मे गरिमा आ सामाजिक संस्कारक अनुरूप नहि अछि। संगीता सिंहकहलनि जे सार्वजनिक जीवन मे रहनिहार नेता सभ सं देशक जनता संयमित भाषा आ जिम्मेदार व्यवहारक अपेक्षा रखैत अछि। राजनीतिक मतभेद कें व्यक्तिगत टिप्पणी धरि लए जायब स्वस्थ लोकतांत्रिक परंपरा कें कमजोर करैत अछि। नेता सभ कें अपन वक्तव्य मे शब्दक मर्यादा आ सामाजिक जिम्मेदारीक विशेष ध्यान रखबाक चाही। भाजपा प्रवक्ता कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नीति आ कार्यशैलीक विरोध करबाक लेल कांग्रेस स्वतंत्र अछि, मुदा राजनीतिक आलोचना मुद्दा आ नीति धरिसीमित रहबाक चाही। कोनो व्यक्तिक परिजन कें राजनीतिक विवाद मे घसीटब उचित नहि अछि। ओकहलनि जे लोकतंत्र मे विचारक लड़ाइ विचार सं होयबाक चाही, व्यक्तिगत टिप्पणी सं नहि। राजनीतिकमतभेदक बावजूद सार्वजनिक जीवन मे शालीनता आ परस्पर सम्मान बनल रहबाक चाही। संगीता सिंहकांग्रेस नेतृत्व सं सार्वजनिक जीवन मे राजनीतिक शुचिता, संवादक गरिमा आ लोकतांत्रिक मूल्यकसम्मान करबाक अपील कयलनि। ओ एहि मामिला मे कांग्रेस सं देशक जनता लग माफी मंगबाक मांग सेहो कयलनि।

# निशांमुक्त बिहार अभियान शुरू, सहरसा मे 300 छात्र-छात्रा लेलनि जागरूकताक संकल्प

## निशांमुक्त समाज लेल जनभागीदारी जरूरी : डीएम

**सहरसा, समदिया**



मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मंगलदिन निशांमुक्त बिहार अभियानक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर परसहरसाक कॉलेज ऑफ इंजीनियरिंग मे जिलाधिकारी दीपेश कुमार, पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग सहितकॉलेजक करीब 300 छात्र-छात्रा वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग (वीसी)क माध्यम सं कार्यक्रम मे शामिल भेलाह।अभियानक उद्देश्य आम नागरिक, युवा, महिला आ परिवार कें निशांक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करब आ निशांमुक्त बिहारक निर्माण मे जनभागीदारी सुनिश्चित करब अछि। बिहार मे 5 अप्रैल 2016 सं पूर्ण शराबबंदी लागू अछि। एकर प्रभावी कार्यान्वयन आ निशांमुक्त समाजक निर्माण लेल राज्य सरकारलगातार निरोधात्मक कारबाइक संग जन-जागरूकता अभियान सेहो चला रहल अछि। प्रत्येक बरख 26 नवंबर कें मद्यनिषेध दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि क्रम मे एहि बरख 27 अक्टूबर सं 26 नवंबर 2026 धरि राज्यव्यापी जागरूकता अभियान चलाओल जायत।चारि चरण मे चलत जागरूकता अभियानअभियान कें चारि चरण मे बांटल गेल अछि। पहिल चरण 27 सं 31 अक्टूबर धरि नगरक प्रतिज्ञा, दोसर चरण 1 सं 7 नवंबर धरि गामक संकल्प, तेसर चरण 8 सं 16 नवंबर धरि पर्व आ परिवार आ चारिमचरण 17 सं 25 नवंबर धरि युवा जोश नाम सं चलत। एहि अभियानक अंतर्गत जिलाभरि विभिन्नजागरूकता गतिविधिक माध्यम सं लोक सभ कें निशां सं दूर रहबाक आ सामाजिक जिम्मेदारी निभेबाक लेल प्रेरित कयल जायत।निशांमुक्त समाज लेल जनभागीदारी जरूरी : डीएमजिलाधिकारी दीपेश कुमार जिलावासि सं निशां सं दूर रहबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे निशांमुक्त समाजक निर्माण लेल प्रशासनिक प्रयासक संग प्रत्येक व्यक्तिक सक्रिय सहभागिता

» 26 नवंबर धरि चलत अभियान, चारि चरण मे निशांक दुष्परिणामक प्रति कयल जायत जागरूक

आवश्यक अछि।निशां व्यक्ति कें स्वास्थ्य, पारिवारिक खुशहाली आ सामाजिक विकास पर प्रतिकूल प्रभाव डालैत अछि। ओलोक सभ सं अपन परिवार, आसपास आ समाज मे निशांमुक्तिक संदेश फैलाबय आ स्वस्थ, सुरक्षित आजागरूक समाजक निर्माण मे योगदान देबाक आह्वान कयलनि। कार्यक्रम मे उप विकास आयुक्त गौरवकुमार, अपर समाहर्ता निशांत, कॉलेजक प्राचार्य प्रो. (डॉ.) रामचंद्र प्रसाद, जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीतकुमार बरनवाल, जिला सूचना आ जनसंपर्क पदाधिकारी राजीव कुमार, कॉलेजक प्राध्यापक, मद्यनिषेध कार्यालयक कर्मी आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह।

# रोगीक सुविधा नीक बनायब हमर प्राथमिकता : रघुवीर राय

**जनकपुरधाम, समदिया**



रोगीसभक सुविधा नीक बनायब हमर पहिल प्राथमिकता अछि। जानकी आइ हॉस्पिटलक अध्यक्ष रघुवीरराय मंगलदिन अपन कक्ष मे पत्रकार सभ कें ई जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे हुनका अध्यक्ष बनेबाकपहिने अस्पतालक शौचालय आ पेयजल व्यवस्था चरमरा गेल छल। अस्पतालक पाछू खाली जमीन कचराफेकबाक जगह बनि गेल छल। ओतय सूअर आ लावारिस कुकुरसभक जमघट रहैत छल। आब ओहिजगहक सफाइ करा देल गेल अछि आ साइकिल, बाइक आ चारिचक्का वाहन राखबाक स्टैंड बनाओल गेलअछि। बांकी जमीन पर फलदार आ फूलक गाछ लगाओल जायत। नवनियुक्त अध्यक्ष राय कहलनि जे बहुत शीघ्र अस्पताल मे ऑनलाइन निबंधनक व्यवस्था शुरू कयल जायत। एहि व्यवस्थाक माध्यम संभारत आ नेपालक रोगी घर बैसले ऑनलाइन निबंधन करा सकताह। एहि सं हुनका सभ कें निबंधन लेल कतार मे ठाढ़ रहबाक झंझटि सं मुक्ति भेटतनि। ओ कहलनि जे किछु मशीन उपलब्ध नहि रहबाक कारणरोगी सभ कें तिलगंगा आ लहान जाय पड़ैत अछि। अस्पताल मे एहन समस्या नहि रहय, एहि लेलआवश्यक व्यवस्था करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। रघुवीर राय कहलनि जे अस्पतालक भौतिक संरचना आ आधारभूत पूर्वाधारक विकास लेल भौतिक पूर्वाधार मंत्रालय, जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका,भारत सरकार आ अन्य दाता राष्ट्र सभ सं संपर्क कयल जायत। कर्मचारी सभ कें समय पर वेतन भेटयआ बिचौलिया सभ पर रोक लगय, एहि दिशा मे सेहो जानकी आइ हॉस्पिटल काज कय रहल अछि। उल्लेखनीय अछि जे जानकी आइ हॉस्पिटल मे प्रतिदिन औसतन बेसी संख्या मे रोगीक मोतियाबिंदक ऑपरेशन होइत अछि। एहि मे करीब 60 प्रतिशत रोगी भारतीय होइत छथि। अत्याधुनिक मशीन, भारतक तुलना मे कम ऑपरेशन शुल्क, नीक गुणवत्ता बला लेंस आ कुशल डॉक्टरसभक टीमक कारण भारतीयरोगीसभक एहि अस्पताल दिस बेसी झुकाव अछि।

# लंबित कांडक गुणवत्तापूर्ण निष्पादन आ अपराध नियंत्रण पर डीआईजी देलनि जोर

## डीआईजी सिमरी बख्तियारपुर अंचलक पुलिस निरीक्ष कार्यालयक कयलनि निरीक्षण

**सहरसा, समदिया**



कोशी क्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक (डीआईजी) डॉ. कुमार आशीष जिलाक सिमरी बख्तियारपुर अंचल पुलिस निरीक्षक कार्यालयक निरीक्षण कयलनि। निरीक्षणक दौरान ओ अपराध नियंत्रण कें प्राथमिकतादेबाक संग लंबित कांडक गुणवत्तापूर्ण निष्पादन पर विशेष जोर देलनि। ओ संबंधित पुलिस पदाधिकारीसभ कें अगिला मास लेल कांडक निष्पादनक लक्ष्य निर्धारित करैत तय समय-सीमा मे मामलासभक निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे डीआईजी कार्यालय मे राखल विभिन्न पंजी आ अभिलेखक जांच कयलनि। एहि संग ओ लंबित कांडक स्थिति आ पुलिस भवनसभक सेहो जायजालेलनि। अंचल निरीक्षक कार्यालय मे कार्यरत पुलिस पदाधिकारी आ कर्मीसभक काजक मूल्यांकन करैत कार्यप्रणालीक समीक्षा कयलनि आ आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। डीआईजी पुलिस पदाधिकारी सभ केंअपराध नियंत्रण लेल सतर्क आ सक्रिय रहबाक संग लंबित मामलासभक अनुसंधान मे गुणवत्ता सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कयलनि जे कांडक निष्पादन मे कोनो तरहक लापरवाही नहि बरतलजाए आ निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप कारबाइ कयल जाए। एहि दौरान आम लोकक समस्याक समाधान पर सेहो विशेष जोर देल गेल। डीआईजी उपस्थित पुलिसपदाधिकारी सभ कें कहलनि जे ओ आम लोकक शिकायत गंभीरतापूर्वक सुनथि आ नियमानुसारसमस्याक समाधान सुनिश्चित करथि। पुलिस आ आम लोकक बीच नीक समन्वय बनौने रखबाक निर्देशसेहो देलनि। निरीक्षणक दौरान पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग, अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सिमरी बख्तियारपुर निशिकांत भारती, पुलिस उपाधीक्षक (मुख्यालय-2), सहरसा, पुलिस निरीक्षक राजीव कुमार झा, सिमरी बख्तियारपुर अंचलक पर्यवेक्षी पदाधिकारी आ अंचल क्षेत्रक सभ थानाध्यक्ष उपस्थित छलाह।

# धान खरीद लेल मिल सभक होयत भौतिक सत्यापन, तकर बाद भेटत स्वीकृति

## सहरसा मे एखन धरि मात्र 7 राइस मिलक निबंधन

**सहरसा, समदिया**



आगामी खरीफ विपणन सत्र 2026-27 मे किसान सभ सं धान खरीद कय ओकर मिलिंगक माध्यम सं चाउर तैयार करबाक प्रक्रिया लेल जिला मे तैयारी शुरू भए गेल अछि। एहि क्रम मे एखन धरि जिलाक 7राइस मिल संचालक अपन-अपन मिलक निबंधन करा लेने छथि। एहि मिल सभ मे तैयार चाउर राज्य खाद्य निगम (एसएफसी) कें जमा कराओल जायत। निबंधित मिलसभक पहिने भौतिक सत्यापन कयल जायत। सत्यापनक बाद विभाग द्वारा निर्धारित मानक पर खरा उतरल मिल सभ कें स्वीकृति देलजायत। एहि संबंध मे राज्य खाद्य निगमक जिला प्रबंधक सिद्धार्थ सलिल आ आइटी मैनेजर सन्नीकुमार जानकारी देलनि जे जिला मे एखन धरि 7 राइस मिलक निबंधन भेल अछि। एहि मे जेजीजी राइस मिल तिरी, एसपी राइस मिल, मीना राइस मिल, जय मां भवानी राइस मिल, जनता राइस मिल अर्राहा, जनता फूड एग्रो कॉंप आ मां भगवती राइस मिल बरघुरा शामिल अछि। अधिकारी सभ बतौलनि जेकिसान सभ सं धान खरीद भेलाक बाद ओकर मिलिंग कराओल जायत आ निर्धारित प्रक्रिया अनुसारतैयार चाउर राज्य खाद्य निगम कें जमा करय पड़त। एहि लेल राइस मिलक निबंधन अनिवार्य अछि।निबंधन प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद संबंधित मिलक भौतिक सत्यापन कयल जायत। सत्यापन मे निर्धारितमानक पूरा करयवला मिल सभ कें मात्र धानक मिलिंगक स्वीकृति देल जायत। एहि बीच, राइस मिलकनिबंधन लेल विभाग द्वारा निर्धारित समय-सीमा सेहो बढ़ाओल गेल अछि। एहि सं एखन धरि निबंधन नहि करा सकल मिल संचालक सभ कें अतिरिक्त अवसर भेटतनि। आगामी खरीफ विपणन सत्र मे धान खरीदक प्रक्रिया सुचारु रूप सं संचालित करबाक आ किसान सभ सं खरीदल गेल धानक समय पर मिलिंग सुनिश्चित करबाक लेल विभागीय स्तर पर तैयारी कयल जा रहल अछि।

# बेनीपट्टी मे गारि-गरौवलि आ माइरपीटक तीन अलग-अलग प्राथमिकी दर्ज

**बेनीपट्टी, समदिया**

स्थानीय थाना मे गारि-गरौवलि आ माइरपीट सं जुड़ल तीन अलग-अलग प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। एहि मामिला सभ मे मारपीट कए घायल करबाक आरोप लगाओल गेल अछि। पुलिस प्राथमिकीदर्ज कए जांच शुरू कए देने अछि। पहिल प्राथमिकी बेतौना उकमा टोल निवासी पंचू साफी विजय मुखिया,सतनारायण मुखिया आ परमेश्वर मुखियाक विरुद्ध दर्ज करौने छथि। कांड संख्या 477/26 के अंतर्गत दर्ज प्राथमिकी मे लाठी आ फरसा सं हमला कए घायल करबाक आरोप लगाओल गेल अछि। वादीक कहब छनि जे हुनकर घरक बगल मे मल्लाह समुदायक लोकक घर अछि। नामजद आरोपित सभ लगातारजमीन वा रुपैया लेबाक लेल दबाव दैत छलाह। 25 अक्टूबर कें जखन पंचू साफी अपन दरवाजा पर बैसलछलाह, तखन सभ आरोपित पहुंचि लाठी आ फरसा सं हमला कए देलक। एहि हमला मे हुनकर माथफाटि गेल। दोसर प्राथमिकी ब्लॉक रोड निवासी शंभु मुखिया अपन बेटा चंदन मुखियाक संग गाली-गलौज आ मारपीट कए घायल करबाक आरोप मे दर्ज करौने छथि। एहि मामिला मे लक्ष्मण मुखिया, रमेश मुखिया, कृष्णा मुखिया आ विकास मुखिया कें आरोपित बनाओल गेल अछि। कांड संख्या 478/26 के अंतर्गत दर्ज प्राथमिकी मे कहल गेल अछि जे 23 अक्टूबरक राति करीब 10 बजे चंदन अपन घरक बगल मे स्थित पोखरिक भिंडा पर बैसल छलाह। ओहि समय सभ आरोपित पहुंचि हुनका संग गाली-गलौजकरय लगलाह। चंदन जखन गाली देबा सं मना कयलनि, तखन आरोप अछि जे लक्ष्मण मुखिया ईंटक टुकड़ा सं हुनकर माथ पर हमला कयलनि। एहि कारण हुनकर माथ फाटि गेल आ ओ घायल भए गेलाह। तेसर प्राथमिकी अधवारी निवासी चंदेश्वर साह अपन भाइ हरिकांत साहक विरुद्ध दर्ज करौने छथि। कांड संख्या 479/26 के अंतर्गत दर्ज एहि प्राथमिकी मे आरोप लगाओल गेल अछि जे हरिकांत साह हुनकरपत्नी इंदिरा देवीक माथ पर लोहेक दबिया सं चारि बेर हमला कए गंभीर रूप सं घायल कए देलनि। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष सह पुलिस निरीक्षक अनुप कुमार कहलनि जे तीनू मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए लेल गेल अछि आ पुलिस जांच कए रहल अछि।

# दिल्लीक महारैली मे सीतामढ़ी सं हजारो कार्यकर्ता लेताह भाग

## गाम, पंचायत आ खेत-खरिहान धरि अभियान पहुंचेबाक तैयारी

**सीतामढ़ी, समदिया**



कांग्रेस राष्ट्रव्यापी वोट बचाउ, देश बचाउ अभियान कें सीतामढ़ी जिलाक गाम, पंचायत आ खेत-खरिहानधरि पहुंचेबाक तैयारी शुरू कए देने अछि। एहि लेल मंगलदिन जिला कांग्रेस मुख्यालय ललित आश्रम,गांधी मैदान मे जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्नाक अध्यक्षता मे महत्वपूर्ण बैसार भेल। बैसार मे अखिलभारतीय कांग्रेस कमिटीक पर्यवेक्षक आ छत्तीसगढ़क पूर्व मंत्री जयसिंह अग्रवाल मुख्य अतिथिक रूप मेउपस्थित छलाह। अभियानक राष्ट्रीय पर्यवेक्षक जयसिंह अग्रवाल कहलनि जे लोकतंत्र, संविधान आ आमनागरिकक मताधिकारक रक्षा महत्वपूर्ण विषय अछि। ओ कार्यकर्ता सभ सं गाम-गाम आ घर-घर जा लोक सभ कें जागरूक करबाक अपील कयलनि। संगहि, मतदाता सूची मे पारदर्शिता, निष्पक्ष चुनाव आ प्रत्येक नागरिकक मताधिकारक सुरक्षा लेल बूथ स्तर पर जनजागरण अभियान चलयबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्ना कहलनि जे जिला कांग्रेस कमिटी एहि अभियान कें जन-जनधरि पहुंचयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। लोकतंत्रक मजबूती मे जनताक मताधिकारक महत्वपूर्ण भूमिकाअछि। ओ पार्टीक वर्तमान आ पूर्व पदाधिकारी, प्रखंड अध्यक्ष आ कार्यकर्ता सभ सं अभियान कें प्राथमिकता देबाक अपील कयलनि। बैसार मे 1 नवंबर कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे होबयवालीप्रस्तावित महारैली मे सीतामढ़ी जिला सं बेसी सं बेसी कांग्रेस कार्यकर्ताक भागीदारी सुनिश्चित करबाकमुद्दा सेहो उठल। एहि लेल जनसंपर्क अभियान तेज करबाक आ हजारो कार्यकर्ता कें रैली मे शामिलकरयबाक तैयारी पर जोर देल गेल।बैसार मे जिला प्रभारी डॉ. गौरव वर्मा, पूर्व जिलाध्यक्ष रकटू प्रसाद, प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि मो. अफाक खान, सीताराम झा, प्रमोद कुमार नील, संजय कुमार बिररख, डॉ. राजीव कुमार काजू, मो. शम्स शाहनवाज, अंजारुल हक तौहीद, आफताब अंजुम बिहारी, मनोज कुमार सिंह, रामू मिश्रा, ताराकांत झा, संपूर्णानंद झा,यूथ कांग्रेस जिलाध्यक्ष डॉ. रोहन कुमार, ऋतु ठाकुर सहित विभिन्न प्रखंड आ पंचायतक अध्यक्ष तथा बूथस्तरक कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# व्यवहार न्यायालय परिसरक 1.42 करोड़क 11 योजना पर उठल सवाल

## प्रत्येक योजनाक राशि 15 लाख सं कम

**सहरसा, समदिया**



सहरसा व्यवहार न्यायालय परिसर मे नगर निगम द्वारा कराओल गेल विकास कार्यसभक संबंध मे वित्तीय आ प्रशासनिक अनियमितताक आरोप सामने आयल अछि। जांच रिपोर्टक अनुसार, एके प्रकृति आ कार्यक्षेत्रक काज कें 11 अलग-अलग योजना मे बांटल गेल, जाहि पर कुल 1 करोड़ 42 लाख 87 हजार294 टाका खर्च देखाओल गेल अछि। एहि योजनासभक लागत 15 लाख टाका सं कम रखबाक बातकहल गेल अछि। एकहि काज कें 11 योजना मे बांटबाक आरोपजांच दल द्वारा व्यवहार न्यायालय परिसरक अभिलेखक जांच आ स्थल निरीक्षणक दौरान ई तथ्य सामनेआयबाक बात कहल गेल अछि। रिपोर्ट मे संलग्नक-18क उल्लेख करैत कहल गेल अछि जे एके समेकितकाज कें 11 अलग-अलग योजना मे विभाजित कयल गेल। प्रत्येक योजनाक राशि 15 लाख टाका सं कमराखल गेल। जांच रिपोर्ट मे आशंका व्यक्त कयल गेल अछि जे एके प्रकृतिक काज कें छोट-छोट हिस्सा मेबांटबाक कारण निर्धारित प्रतिस्पर्धात्मक प्रक्रिया प्रभावित भए सकैत अछि। एहि सं काजक आवंटन मे पारदर्शिता आ निष्पक्ष प्रतिस्पर्धा पर सवाल उठैत अछि। हालांकि, आरोपक आखरी पुष्टि सक्षम प्राधिकार द्वारा विस्तृत जांच आ आवश्यक कारबाइक बादे भए सकत। स्थल निरीक्षण मे नहि भेटल शिलापट्टजांचक दौरान एकटा आओर महत्वपूर्ण बात सामने आयल जे निरीक्षण कयल गेल स्थल

» एकहि प्रकृतिक काज कें अलग-अलग योजना मे बांटल गेल

पर कोनोयोजनाक शिलापट्ट नहि भेटल। सरकारी योजना सं संबंधित कार्यस्थल पर योजनाक विवरण प्रदर्शित नहिरहब नियमक पालन आ पारदर्शिता पर सवाल ठाढ़ करैत अछि। जांच रिपोर्ट मे एकरा विभागीय निर्देश आवित्तीय प्रक्रियाक अनदेखी मानैत नगर आयुक्तक कार्यशैली पर सेहो प्रश्न उठाओल गेल अछि। रिपोर्टक अनुसार, एके काज कें अलग-अलग योजना मे बांटब स्थापित वित्तीय प्रक्रियाक विरुद्ध गंभीर अनियमितता भए सकैत अछि।विभागीय कारबाइ आ राशि वसूलबाक अनुशंसाजांच रिपोर्ट मे संबंधित अधिकारी आ अन्य जिम्मेदार लोकसभक विरुद्ध नियमानुसार विभागीय आकानूनी कारबाइ करबाक मांग कयल गेल अछि। संगहि, जं सरकारी राशि कें क्षति पहुंचबाक पुष्टि होइतअछि, तं नियमानुसार राशि वसूलबाक अनुशंसा सेहो कयल गेल अछि। आब एहि मामिला मे संबंधितविभागक अगिला कारबाइ महत्वपूर्ण होयत। योजनावार लागत, काज आवंटन प्रक्रिया, निविदा संबंधीअभिलेख आ निर्माण काजक गुणवत्ताक निष्पक्ष जांच सं वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकत। फिलहाल, रिपोर्ट मे उठाओल गेल आरोपक स्वतंत्र पुष्टि होयब बाकी अछि।

# वाटरवेज चौक लग ट्रकक टक्कर सं 45 वर्षीय व्यक्तिक मृत्यु

**जयनगर, समदिया**

» मृतकक पहिचान एखन स्पष्ट नहि

जयनगर थाना क्षेत्रक वाटरवेज चौक लग सड़क दुर्घटना मे करीब 45 वर्षीय एक व्यक्तिक मृत्यु भए गेलनि। कहल जा रहल अछि जे ट्रकक टक्कर लगला सं हुनकर मृत्यु भेलनि। घटनाक जानकारी भेटितेघटनास्थल पर लोकसभक भीड़ जुटि गेल। प्राप्त जानकारीक अनुसार, ट्रकक टक्कर लगला सं व्यक्तिगंभीर रूप सं घायल भए गेलाह आ हुनकर मृत्यु भए गेलनि। हालांकि, दुर्घटना कोन परिस्थिति मे भेलआ ट्रक कोन दिशा दिस सं आबि रहल छल, एहि संबंध मे एखन विस्तृत जानकारी सामने नहि आयल अछि। मृतकक पहचान सेहो एखन स्पष्ट नहि भए सकल अछि। घटनाक सूचना भेटलाक बाद पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शव कें अपन कब्जा मे लेलनि। आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा करबाक लेल शव पोस्टमार्टम हेतु पठा देल गेल। पुलिस दुर्घटना सं जुड़ल विभिन्न पहलुक जांच कए रहल अछि, जाहि सं हादसाक वास्तविक कारणक पता लगाओल जा सकय। पोस्टमार्टमक प्रक्रिया आ जांचक बादे घटनाकसंबंध मे आगू जानकारी स्पष्ट भए सकत। मृतकक पहचान आ दुर्घटनाक अन्य पहलुक संबंध मे आधिकारिक पुष्टि एखन बाकी अछि।

# अरुणाचल मे बिजली परियोजनाक विरोध हिंसक किएक भेल?

प्रभाकर

अरुणाचल प्रदेशक सियांग क्षेत्र मे प्रस्तावित विशाल जलविद्युत परियोजनाक विरोध 23 अक्टूबर 2026 कें हिंसक रूप धारण कए लेलक। प्रदर्शनकारी सभ परियोजनाक काज देखनिहार नेशनल हाइड्रोपावर कॉरपोरेशन (एनएचपीसी)क एकटा कार्यालय मे आगि लगा देलनि। एकर अतिरिक्त, कतेको ठाम तोड़फोड़ आ आगजनी कयल गेल। प्रदर्शनकारी सभ थाना परिसर मे राखल किछु गाड़ी जरा देलनि आ सत्तारूढ़ भारतीय जनता पार्टी (भाजपा)क कतेको नेताक घर पर पाथरबाजी सेहो कयलनि। पुलिस आ प्रदर्शनकारी सभक बीच भेल झड़प मे कम सं कम एक दर्जन लोक घायल भए गेलाह। घायल लोक सभ मे सुरक्षा बलक जवान सेहो शामिल छथि।

## सियांग क्षेत्र मे बंद, हिंसा आ आगजनी

परियोजनाक विरोध करयबला संगठन शुक्रदिन इलाका मे 12 घंटाक बंद रखने छल। बंदक दौरान सेहो छिटपुट हिंसक घटना भेल, मुदा बंद समाप्त होइतहि हिंसा आ आगजनी तेज भए गेल। ई घटना सभ शुक्रदिन राति भरि चलैत रहल। एकर बाद इलाका मे रैपिड एक्शन फोर्स (रैफ)क दू कंपनी आ सुरक्षा बलक करीब 34 बटालियन तैनात कयल गेल। सुरक्षा बलक तैनातीक बाद हिंसा थमि गेल, मुदा क्षेत्र मे तनाव बनल अछि। पुलिस एहि हिंसा आ आगजनीक मामिला मे एखन धरि कम सं कम 15 लोक कें गिरफ्तार कयने अछि। बांध विरोधी संगठन गिरफ्तार लोक सभक तत्काल रिहाई आ परियोजनाक प्रारंभिक संभाव्यता अध्ययन लेल भारी संख्या मे तैनात सुरक्षा बल कें तुरंत हटेबाक मांग कय रहल अछि। पूर्वी सियांगक जिलाधिकारी जयंती परतीन पत्रकार सभ कें बतौलनि जे पासीघाट, मेबो, रक्सिन आ आसपासक क्षेत्र मे भारतीय न्याय संहिताक धारा 163 अंतर्गत लोक सभक जमा होयब प्रतिबंधित कय देल गेल अछि।

## मुख्यमंत्री पेमा खांडू की कहलनि?

मुख्यमंत्री पेमा खांडू उच्चस्तरीय बैसार कए स्थितिक समीक्षा कयलनि। ओ परियोजनाक विरोध करयवला संगठनक प्रतिनिधि सभ सं बातचीत सेहो कयलनि, मुदा एखन धरि गतिरोध समाप्त नहि भेल अछि। बैसारक बाद मुख्यमंत्री सामाजिक माध्यम एक्स पर लिखलनि जे सियांग घाटीक लोकक अधिकार आ आकांक्षाक सम्मान करैत राष्ट्रीय हितक रक्षा करब सरकारक प्राथमिकता अछि। हुनकर कहब छलनि जे परियोजनाक संबंध मे पसरल गलत सूचना आ भ्रामक धारणाक कारण लोक सभक मन मे आशंका उत्पन्न भए रहल अछि। एहि सूचना-अंतर कें दूर करबाक लेल तथ्य, पारदर्शिता आ खुलल बातचीत आवश्यक अछि। ईटानगर मे पत्रकार सभ सं बातचीत करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे क्षेत्रक लोक कें परियोजना, ओकर रणनीतिक महत्त्व आ एहि सं जुड़ल चिंता सभक संबंध मे सही जानकारी पयबाक अधिकार अछि।

## केंद्र सरकार परियोजना किएक बनय चाहैत अछि?

चीन सरकार दू वर्ष पहिने यारलुंग सांगपो



नदी पर दुनिया के सब सं पैघ बांध बनेबाक घोषणा कयने छल। भारत मे एहि नदी कें ब्रह्मपुत्र कहल जाइत अछि। पर्यावरणविद् सभ चीनक एहि परियोजना कें भारत आ पड़ोसी बांग्लादेश लेल ह्यवाटर बमह्न अर्थात जलविस्फोट सन खतरनाक स्थिति उत्पन्न करयवला परियोजना बतौने छलाह। एहि आशंकाक बाद केंद्र सरकार अरुणाचल प्रदेशक अपर सियांग जिला मे 11,000 मेगावाट क्षमतावला बहुउद्देशीय जलविद्युत परियोजना बनेबाक निर्णय लेलक। मुदा सरकारक घोषणा होइतहि स्थानीय लोक सभ एकर विरोध शुरू कए देलनि। हुनका सभक तर्क अछि जे बांध बनेला सं पैघ स्तर पर विस्थापन होयत आ स्थानीय लोकक खेत-पथार, आजीविका आ जीवनयापनक साधन संकट मे पड़ि जायत।

## परियोजनाक समर्थन आ विरोध मे अलग-अलग दाबी

परियोजनाक समर्थन आ विरोध करयवला पक्ष अपन-अपन तर्क दए रहल अछि। किछु लोक एकरा राष्ट्रीय हित लेल आवश्यक मानैत छथि, जखन कि दोसर पक्षक कहब अछि जे स्थानीय समुदाय कें विश्वास मे लेने बिना एहन पैघ परियोजना आगू नहि बढ़ेबाक चाही। सियांग जिलाक भाजपा विधायक आ राज्य सरकारक मंत्री ओजिंग तासिंग दावा कयलनि जे जिलाक 85 प्रतिशत लोक कें परियोजना पर कोनो आपत्ति नहि अछि। हुनकर कहब छलनि जे सरकार प्रारंभिक संभाव्यता रिपोर्टक काज जारी रखबाक निर्णय लेने अछि आ किछु बाहरी लोक स्थानीय लोक कें भड़का रहल छथि। भाजपा नेता विरोध प्रदर्शन लेल कांग्रेस कें जिम्मेवार ठहरौलनि। दोसर दिस, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष बोसीराम सिराम आरोप लगौलनि जे सरकार एहि मामिला कें सही ढंग सं सम्हारय मे विफल रहल अछि। हुनकर कहब छलनि जे स्थानीय लोक आ किसानक सहमति बिना परियोजना लागू करब संभव नहि होयत। सरकार निर्णय लेबाक पहिने प्रभावित समुदाय कें विश्वास मे नहि लेलक, जखन कि एहि परियोजना सं पैघ स्तर पर विस्थापन होयबाक आशंका अछि। अपर सियांग जिलाक गेकू गामक निवासी टी शेरिंगक कहब अछि जे विवाद बहुत दिन सं चलि रहल अछि। प्रभावित क्षेत्रक लोक बांध लेल तैयार नहि छथि। राज्य सरकार कें सुरक्षा बलक सहारा लेबाक बदला प्रभावित लोक सभ सं सीधा बातचीत करबाक चाही। हुनकर आरोप अछि जे सुरक्षा बलक माध्यम सं लोकक आवाज दबेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। बांध विरोधी संगठन सियांग इन्डिजिनस फार्मर्स फोरम (एसआइएफएफ)क प्रमुख जेजांग कहलनि जे सियांग नदीक दुनू कात रहनिहार लोक अपन आजीविकाक लेल नदीक पानि पर निर्भर छथि। प्रस्तावित बांधक कारण खेत-पथार डूबि गेल तं हुनका सभक जीवनयापन कठिन भए जायत। वरिष्ठ पत्रकार आ मानवाधिकार कार्यकर्ता टोंगम रीना सेहो सामाजिक माध्यम पर सवाल उठौलनि जे जं चीनक बांध सं उत्पन्न होयवला खतराक आशंका रहितो स्थानीय लोक विस्थापित होयबाक बदला अपन जान देबाक लेल तैयार छथि, तं केंद्र सरकार हुनका सभ पर 11,000 मेगावाट क्षमतावला परियोजना थोपबाक कोन आधार रखैत अछि? वस्तुतः सियांग परियोजनाक विवाद ऊर्जा उत्पादन आ राष्ट्रीय सुरक्षा बनाम स्थानीय लोकक अधिकार, आजीविका आ पर्यावरण संरक्षणक टकराव कें उजागर करैत अछि। एहि गतिरोधक समाधान लेल प्रभावित समुदाय कें विश्वास मे लेब, आशंका सभक पारदर्शी ढंग सं समाधान करब आ परियोजनाक सामाजिक-पर्यावरणीय प्रभाव पर खुलल संवाद करब आवश्यक होयत।

सियांग जिलाक भाजपा विधायक आ राज्य सरकारक मंत्री ओजिंग तासिंग दावा कयलनि जे जिलाक 85 प्रतिशत लोक कें परियोजना पर कोनो आपत्ति नहि अछि। हुनकर कहब छलनि जे सरकार प्रारंभिक संभाव्यता रिपोर्टक काज जारी रखबाक निर्णय लेने अछि आ किछु बाहरी लोक स्थानीय लोक कें भड़का रहल छथि। भाजपा नेता विरोध प्रदर्शन लेल कांग्रेस कें जिम्मेवार ठहरौलनि। दोसर दिस, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष बोसीराम सिराम आरोप लगौलनि जे सरकार एहि मामिला कें सही ढंग सं सम्हारय मे विफल रहल अछि। हुनकर कहब छलनि जे स्थानीय लोक आ किसानक सहमति बिना परियोजना लागू करब संभव नहि होयत। सरकार निर्णय लेबाक पहिने प्रभावित समुदाय कें विश्वास मे नहि लेलक, जखन कि एहि परियोजना सं पैघ स्तर पर विस्थापन होयबाक आशंका अछि। अपर सियांग जिलाक गेकू गामक निवासी टी शेरिंगक कहब अछि जे विवाद बहुत दिन सं चलि रहल अछि। प्रभावित क्षेत्रक लोक बांध लेल तैयार नहि छथि। राज्य सरकार कें सुरक्षा बलक सहारा लेबाक बदला प्रभावित लोक सभ सं सीधा बातचीत करबाक चाही। हुनकर आरोप अछि जे सुरक्षा बलक माध्यम सं लोकक आवाज दबेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। बांध विरोधी संगठन सियांग इन्डिजिनस फार्मर्स फोरम (एसआइएफएफ)क प्रमुख जेजांग कहलनि जे सियांग नदीक दुनू कात रहनिहार लोक अपन आजीविकाक लेल नदीक पानि पर निर्भर छथि। प्रस्तावित बांधक कारण खेत-पथार डूबि गेल तं हुनका सभक जीवनयापन कठिन भए जायत।

# भारत मे तेजी सं बढ़ि रहल अछि नव हेल्थकेयर व्यवस्था

आकांक्षा मिश्र

गंभीर रूप सं बेमार रोगीक अस्पताल मे इलाज करेबा लेल परिवार कें प्रतिदिन लाखो टका खर्च करय पड़ैत अछि। गाजियाबादक एकटा निजी अस्पताल मे अबीर बजाज अपन माताक इलाज पर प्रतिदिन करीब 1.5 लाख टका खर्च कए रहल छलाह। हुनकर माता वेंटिलेटर पर छलीह। एहि बीच अस्पतालक बिल मे गड़बड़ी आ एकहि चीजक लेल दू बेर टका जोड़बाक शिकायत सेहो भेटलनि। अंततः अस्पतालक व्यवस्था आ निगरानी सं परेशान भए ओ अपन माता कें घर अनबाक निर्णय लेलनि। मुदा घर अनबाक अर्थ छल, घरहि मे आइसीयू जेकां पूरा व्यवस्था करब। दिल्ली, मुंबई, बेंगलुरु आ देहरादून सन पैघ शहर सभ मे आब परिवार घरक एकटा कोठरी कें अस्पतालक वार्ड मे बदलि रहल अछि। ओतय रोगीक जरूरतक अनुसार बेड, वेंटिलेटर, ऑक्सीजन, सक्शन मशीन आ स्वास्थ्य पर नजरि रखबाक उपकरण राखल जाइत अछि। कोविड महामारीक समय घर पर स्वास्थ्य सेवा देबाक एहि व्यवस्था कें बेसी बढ़ावा भेटल छल। अस्पतालक तुलना मे एहि तरहक इलाज पर 30 सं 50 प्रतिशत धरि कम खर्च होयबाक दावा कयल जाइत अछि। भारत मे घर पर स्वास्थ्य सेवा देबाक कारोबार करीब 11 अरब डॉलरक भए गेल अछि। एकर प्रमुख कारण बुजुर्गक बढ़ैत संख्या, अस्पताल पर बढ़ैत दबाव आ इलाजक बेसी खर्च अछि। घर पर इलाज सं रोगी अपन परिवारक बीच रहैत छथि आ अस्पतालक संक्रमणक खतरो कम भए सकैत अछि। मुदा एहि व्यवस्थाक सफलता प्रशिक्षित नर्स, सही उपकरण आ पारदर्शी खर्च पर निर्भर करैत अछि। गुरुग्रामक कोकोरो भारत नामक कंपनीक संस्थापक आ मुख्य कार्यकारी अधिकारी रम्मोहन सुंदरम अगस्त 2025 मे एहि कारोबारक शुरूआत कयलनि। हुनकर कंपनी प्रतिदिन 5,000 टका सं घर पर आइसीयू उपलब्ध करेबाक दावा करैत अछि। अपन सासुक अस्पतालक इलाज पर परिवारक बचत समाप्त भेलाक बाद ओ एहि क्षेत्र मे काज शुरू कयलनि। हुनकर कहब छनि जे धनक अभाव मे ककरो इलाज नहि रुकबाक चाही।



**घर पर आइसीयू बनेबाक प्रक्रिया** : देहरादूनक तनुजा सिंहक पिता दिसंबर 2023 मे ब्रेन हैमरेजक शिकार भेल छलाह। करीब एक मास आइसीयू मे रहबाक बाद परिवार हुनका घर अनबाक निर्णय लेलनि। संक्रमणक खतरा आ अस्पताल मे न्यूरोलॉजी विशेषज्ञक कमी एहि निर्णयक मुख्य कारण छल। घर पर देखभालक व्यवस्था करबाक क्रम मे तनुजा सिंह कें पता चललनि जे अस्पताल समूह सेहो उपकरण विक्रेता सभ सं किराया पर लैत अछि। तखन ओ बीचक माध्यम कें हटाकऽ सीधे विक्रेता सभ सं संपर्क कयलनि। घर पर आइसीयू बनेबाक लेल मरीजक जरूरतक अनुसार अस्पतालक बेड, वेंटिलेटर, इन्फ्यूजन पंप, बाइपैप मशीन, डीवीटी पंप आ निगरानी उपकरण राखल जाइत अछि। मैक्स आ अपोलो सन निजी अस्पताल मे आइसीयू पर प्रतिदिन 50,000 सं 1 लाख टका धरि खर्च होयबाक तुलना मे घर पर आइसीयू सेवा करीब 13,000 टका प्रतिदिन सं शुरू होइत अछि। उपकरण आ नर्सक संख्याक अनुसार ई खर्च 50,000 टका धरि पहुंचि सकैत अछि। नई दिल्लीक अली अपन पिताक स्ट्रोकक बाद घर पर इलाजक व्यवस्था कयलनि। शुरू मे निजी स्वास्थ्य सेवा लेलनि, मुदा बाद मे उपकरण किनब बेसी किफायती बुझेलनि। हुनका करीब 2 लाख टका खर्च कए अपन शयनकक्ष कें निजी आइसीयू मे बदलय पड़लनि। हुनकर कहब छनि जे उपकरण जुटेबा सं बेसी कठिन काज योग्य नर्स ताकब अछि।

**प्रशिक्षित नर्सक कमी पैघ समस्या** : घर पर आइसीयू व्यवस्थाक सब सं पैघ चुनौती प्रशिक्षित नर्सक कमी अछि। अबीर बजाजक माताक देखभाल लेल आयल नर्स निमोनिया आ फेफड़ा मे पानि जमा होयबाक गंभीर लक्षण नहि चिन्हि सकलीह। बाद मे रोगी कें सेप्सिस भेला पर फेर अस्पताल मे भर्ती करय पड़लनि। अली आ तनुजा सिंह सेहो योग्य नर्स भेटय मे कठिनाइ होयबाक अनुभव कयलनि। विश्व स्वास्थ्य संगठनक मानक अनुसार प्रति 1,000 लोक पर कम सं कम 3 नर्स रहबाक चाही, जखन कि भारत मे ई संख्या करीब 2.2 अछि। नर्सिंग प्रशिक्षणक कमी सेहो समस्या बढ़बैत अछि। सामान्य देखभाल करयबला सहायक आ आइसीयू मे प्रशिक्षित नर्सक काज एक समान नहि होइत अछि। रोगीक रक्तचाप अनचोके खसला, सांस लेबा मे कठिनाइ भेलापर अथवा मशीन पर असामान्य संकेत देखलापर तुरंत सही निर्णय लेबाक क्षमता जरूरी अछि।

# इस्लामिक नाटोक चुनौती : भारत लेल कतेक नोकसान, कतेक संभावना?

सौरभ वार्ष्णेय

बदलैत वैश्विक भू-राजनीतिक परिस्थिति मे नव-नव सामरिक गठबंधनक उदय कोनो एकटा देशक सुरक्षा धरि सीमित नहि रहैत अछि, अपितु ओकर प्रभाव क्षेत्रीय स्थिरता, अंतरराष्ट्रीय व्यापार, ऊर्जा सुरक्षा आ कूटनीतिक संबंध पर सेहो पड़ैत अछि। हालहि मे सऊदी अरब, पाकिस्तान आ तुर्कियेक बीच रक्षा सहयोग आ मुस्लिम देश सभक बीच सामरिक समन्वय लेल भेल गतिविधि सभ भारतक विदेश नीतिक सोझां किछु नव प्रश्न ठाढ़ कयने अछि। एहि देशसभक बीच उभरैत रक्षा सहयोग कें किछु विश्लेषक इस्लामिक नाटो कहि रहल छथि। मुदा, एकरा नाटो जेकां औपचारिक आ एकीकृत सैन्य गठबंधन मानब एखन जल्दबाजी होयत। भारत लेल असल प्रश्न ई अछि जे बदलैत एहि समीकरण सं ओकर सुरक्षा आ राष्ट्रीय हित पर की प्रभाव पड़ि सकैत अछि? नाटो एकटा औपचारिक सैन्य गठबंधन अछि, जाहि मे सदस्यताक स्पष्ट नियम, संस्थागत व्यवस्था आ सामूहिक रक्षाक ठोस प्रतिबद्धता अछि। एहि काजक विपरीत, मुस्लिम बहुल देशसभक बीच रक्षा समझौता आ सहयोगक पहल कें ओहि स्तरक गठबंधन मानबाक पहिने ओकर शर्त, सैन्य प्रतिबद्धता आ वास्तविक कार्यप्रणाली बुझब आवश्यक अछि। सऊदी अरब, पाकिस्तान आ तुर्कियेक हित कतेको मुद्दा पर एक-दोसरा सं मेल खाइत होयत, मुदा सभ विषय पर एहि देशसभक प्राथमिकता एक समान नहि अछि। सऊदी अरबक प्राथमिकता अपन क्षेत्रीय सुरक्षा, ऊर्जा प्रतिष्ठान आ आर्थिक विकासक रक्षा करब अछि। पाकिस्तान अपन सैन्य आ कूटनीतिक स्थिति मजबूत करय चाहैत अछि, जखन कि तुर्किये क्षेत्रीय राजनीति मे अपन भूमिका बढ़ेबाक इच्छुक अछि। एहि देश सभक आपसी सहयोग भविष्य मे कतेक व्यापक होयत, से एहि बात पर निर्भर करत जे ओ सभ साझा हित कें कतेक ठोस सुरक्षा व्यवस्था मे बदलि पबैत अछि। भारत लेल पहिल चिंता पाकिस्तानक भूमिका अछि। पाकिस्तानक संग



भारतक संबंध लंबा समय सं आतंकवाद, सीमा पार घुसपैठ आ सुरक्षा संबंधी विवाद सं प्रभावित रहल अछि। जं कोनो नव रक्षा सहयोगक माध्यम सं पाकिस्तान कें अतिरिक्त सैन्य संसाधन, तकनीकी सहायता, खुफिया सहयोग अथवा कूटनीतिक समर्थन भेटैत अछि, तं भारतक सुरक्षा चुनौती बढ़ि सकैत अछि। मुदा, मात्र रक्षा समझौताक आधार पर ई निष्कर्ष निकालब उचित नहि होयत जे सहयोगी देश पाकिस्तानक प्रत्येक डेगक समर्थन करत। दोसर चिंता कश्मीर आ अंतरराष्ट्रीय मंच पर भारतक विरुद्ध संभावित कूटनीतिक गोलबंदीक अछि। जं किछु देश पाकिस्तानक पक्ष मे साझा रुख अपनबैत अछि, तं भारत कें अपन पक्ष स्पष्ट करबाक लेल बेसी कूटनीतिक प्रयास करय पड़ि सकैत अछि। मुदा, मुस्लिम देश सभ कें एक्के राजनीतिक दृष्टिकोणवला समूह मानब सेहो गलत होयत। सऊदी अरब आ संयुक्त अरब अमीरात जेकां देशसभक भारतक संग व्यापार, निवेश आ ऊर्जा संबंध अछि। एहि संबंधसभक महत्व पाकिस्तानक संग हुनका सभक संबंध सं अलग अछि। तेसर पक्ष रक्षा आ सामरिक संतुलन सं जुड़ल अछि। जं भविष्य मे एहि देश सभक बीच संयुक्त सैन्य अभ्यास, उन्नत हथियारक आपूर्ति अथवा खुफिया सूचनाक व्यापक आदान-प्रदान बढ़ैत अछि, तं भारत कें पश्चिम एशिया आ हिंद महासागर क्षेत्र मे अपन रणनीतिक समीक्षा करय पड़ि सकैत अछि। भारत कें समुद्री निगरानी, रक्षा उत्पादन, साइबर सुरक्षा आ आतंकवाद विरोधी क्षमता कें निरंतर मजबूत करैत रहबाक आवश्यकता होयत। चारिम चिंता ऊर्जा सुरक्षाक अछि। भारत अपन ऊर्जा आवश्यकताक पूर्तिक लेल पश्चिम एशियाक देश सभ सं पैघ परिमाण मे तेल आ गैस प्राप्त करैत अछि। जं क्षेत्रीय प्रतिस्पर्धा बढ़ि कए संघर्षक रूप लैत अछि, तं तेलक दाम, समुद्री परिवहन आ बीमा खर्च पर दबाव पड़ि सकैत अछि। एकर सीधा असर भारतीय अर्थव्यवस्था, महंगाइ आ आम उपभोक्ताक जेबी पर पड़ि सकैत अछि। एहि बदलैत समीकरणक दोसर पक्ष सेहो अछि। पहिल संभावना ई अछि जे भारत अपन रक्षा तैयारी आ सामरिक आत्मनिर्भरता कें आओर गति दए सकैत अछि। संभावित चुनौती कें देखैत स्वदेशी हथियार निर्माण, आधुनिक निगरानी प्रणाली, मिसाइल रक्षा आ समुद्री सुरक्षा मे निवेश बढ़ेनाइ दीर्घकालीन राष्ट्रीय हित मे होयत। एहि सं भारत मात्र कोनो एकटा गठबंधनक प्रतिक्रियास्वरूप नहि, बल्कि अपन व्यापक सुरक्षा आवश्यकताक अनुरूप मजबूत बनत।

# आतिशबाजी, कानून आ पर्यावरणक बीच संतुलन जरूरी

डॉ. सुधीर कुमार

तेजी सं बढ़ैत शहरीकरण, जनसंख्याक बदलैत स्वरूप आ वायु गुणवत्ता सूचकांकक खतरनाक स्तर पर पहुंचबाक कारण पटाखाक गूंज आब प्रसन्नताक बदला स्वास्थ्य संकट आ पर्यावरणीय समस्या कें बढ़ा रहल अछि। उत्सवक उल्लास जखन हवा मे विषाक्त कण घोरय लगैत अछि आ रातिक निस्तब्धता मे ध्वनिक स्तर निर्धारित सीमा कें पार कए जाइत अछि, तखन मौलिक अधिकार, सांस्कृतिक परंपरा आ राज्यक संवैधानिक दायित्वक बीच गंभीर कानूनी आ नैतिक द्वंद्व उत्पन्न होइत अछि। भारतीय संविधानक अनुच्छेद 21 प्रत्येक नागरिक कें गरिमापूर्ण जीवन जीबाक आ स्वच्छ तथा स्वस्थ पर्यावरण पाबयबाक मौलिक अधिकार दैत अछि। वर्ष 1991 मे सुभाष कुमार बनाम बिहार राज्य नामक ऐतिहासिक मामिला मे उच्चतम न्यायालय स्पष्ट कयने छल जे जीवनक अधिकार मे प्रदूषणमुक्त पानि आ हवा पेबाक अधिकार सेहो शामिल अछि। दोसर दिस, संविधानक अनुच्छेद 25 नागरिक कें अंतःकरणक स्वतंत्रता आ धर्म मानबाक तथा ओकर आचरण करबाक स्वतंत्रता प्रदान करैत अछि। मुदा न्यायालय सभक स्पष्ट मत रहल अछि जे कोनो धार्मिक परंपरा जनस्वास्थ्य आ आम लोकक जीवन कें संकट मे नहि दए सकैत अछि। पर्यावरणीय न्यायशास्त्र आ वैधानिक व्यवस्थाक विकास मे पर्यावरण संरक्षण अधिनियम, 1986क धारा 3 आ 5 तथा वायु (प्रदूषण निवारण आ नियंत्रण) अधिनियम, 1981क धारा 19 महत्वपूर्ण अछि। एहि प्रावधान सभक अंतर्गत केंद्रीय आ राज्य प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड कें पटाखा सं होयवला अत्यधिक उत्सर्जन पर आवश्यक निर्देश जारी करबाक अधिकार प्राप्त अछि। एकर अतिरिक्त, नव प्रवर्तित ह्यभारतीय न्याय संहिता, 2023 मे वातावरण कें स्वास्थ्य लेल हानिकारक बनेबाक कृत्यक विरुद्ध दंडात्मक प्रावधान कयल गेल अछि। वर्ष 2005 मे इन री : नॉइज पोल्यूशन मामिला मे उच्चतम न्यायालय राति 10 बजे सं भोर 6 बजे धरि बेसी आवाज करयवला पटाखाक प्रयोग पर रोक लगयबाक ऐतिहासिक आदेश देने छल। तकर बाद ह्यअर्जुन गोपाल बनाम भारत संघ (2018) मामिला मे उच्चतम न्यायालय पारंपरिक पटाखाक निर्माण आ बिक्री पर देशव्यापी नियंत्रण लगबैत मात्र ग्रीन क्रैकर्स अर्थात हरित पटाखाक प्रयोगक अनुमति देलक। एहि फैसला मे न्यायालय संविधानक अनुच्छेद 19(1)(जी) अंतर्गत व्यापार करबाक अधिकार आ अनुच्छेद 21 अंतर्गत जीवनक अधिकारक बीच संवैधानिक संतुलन स्थापित करैत कहलनि जे पटाखा निर्माण करबाक व्यावसायिक अधिकार आम लोकक जीबाक आ सांस लेबाक अधिकारक तुलना मे गौण अछि। जखन व्यावसायिक हित आ जनस्वास्थ्यक बीच टकराव होयत, तखन जनस्वास्थ्य कें सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक चाही। ट्रिब्यूनल ऑन इट्स ओन मोशन बनाम पर्यावरण, वन



आ जलवायु परिवर्तन मंत्रालय (2020) नामक महत्वपूर्ण मामिला मे राष्ट्रीय हरित अधिकरण (एनजीटी) आदेश देलक जे जाहि शहर वा कस्बा मे राष्ट्रीय वायु गुणवत्ता सूचकांक खराब दर्ज होइत अछि, ओतय पटाखाक बिक्री पर पूर्ण प्रतिबंध रहत। मात्र ओहि क्षेत्र सभमे, जतय वायु गुणवत्ता मध्यम वा ताहि सं नीक हो, सीमित समय लेल हरित पटाखा चलयबाक अनुमति देल जा सकैत अछि। हरित पटाखा पारंपरिक पटाखाक तुलना मे 30 सं 35 प्रतिशत धरि कम कणिकीय पदार्थ उत्सर्जित करैत अछि। मुदा आतिशबाजीक दुष्प्रभाव एतहि धरि सीमित नहि अछि। पटाखा फूटलाक बाद निकलयवला रासायनिक अवशेष आ विषैला धातु भोजन आ पानिक श्रृंखला मे प्रवेश कए जाइत अछि। बारूदी कचरा कें खुजल ठाम पर जरयला वा फेंकला सं माटि आ जलस्रोत गंभीर रूप सं प्रदूषित होइत अछि। एकर अतिरिक्त, आतिशबाजीक तीव्र आवाज शहरी जीव-जंतु आ पशु-पक्षी लेल गंभीर मानसिक आ शारीरिक आघातक कारण बनैत अछि। ई पशु क्रूरता निवारण आ पर्यावरण संबंधी नियमक उल्लंघन सेहो थिक। पर्यावरणीय संकट सं निपटबाक लेल कानूनक प्रभावकारी पालन आ सामाजिक चेतना मे व्यापक बदलाव आवश्यक अछि। पहिल, हरित पटाखाक नाम पर बाजार मे बिकाइत नकली पटाखा पर रोक लगयबाक लेल क्यूआर कोड आधारित सत्यापन प्रणाली अनिवार्य करबाक चाही। एहि व्यवस्था सं ग्राहक असली हरित पटाखाक पहचान कए सकताह आ नकली उत्पादक बिक्री पर नियंत्रण लगाओल जा सकत। दोसर, राज्य सरकार सभ कें सामुदायिक आतिशबाजी कें बढ़ावा देबाक चाही। एकरा सं प्रत्येक घर मे अलग-अलग पटाखा जरेबाक प्रवृत्ति कम होयत आ प्रदूषण पर नियंत्रण रखब अपेक्षाकृत सहज होयत। तेसर, पटाखा निर्माण मे लागल कारीगर सभक आर्थिक हितक रक्षा करब सेहो आवश्यक अछि। हरित आतिशबाजीक तकनीक आ दोसर उद्योग मे काज करबाक लेल हुनका सभ कें नव कौशल सिखेबाक तथा वैकल्पिक रोजगार उपलब्ध करयबाक राष्ट्रीय योजना बनयबाक चाही। एहि प्रक्रिया मे कारीगर सभक आजीविकाक सुरक्षा सुनिश्चित कयल जा सकैत अछि। वस्तुतः उत्सव मनयबाक स्वतंत्रता आ स्वच्छ पर्यावरण मे जीबाक अधिकार एक-दोसराक विरोधी नहि, बल्कि पूरक होयबाक चाही। कानूनक पालन, वैज्ञानिक दृष्टिकोण आ सामाजिक जिम्मेदारीक समन्वय सं एहन व्यवस्था बनाओल जा सकैत अछि, जतय उत्सवक उल्लास सेहो बनल रहय आ जनस्वास्थ्य तथा पर्यावरण सेहो सुरक्षित रहय।

मुदा आतिशबाजीक दुष्प्रभाव एतहि धरि सीमित नहि अछि। पटाखा फूटलाक बाद निकलयवला रासायनिक अवशेष आ विषैला धातु भोजन आ पानिक श्रृंखला मे प्रवेश कए जाइत अछि। बारूदी कचरा कें खुजल ठाम पर जरयला वा फेंकला सं माटि आ जलस्रोत गंभीर रूप सं प्रदूषित होइत अछि। एकर अतिरिक्त, आतिशबाजीक तीव्र आवाज शहरी जीव-जंतु आ पशु-पक्षी लेल गंभीर मानसिक आ शारीरिक आघातक कारण बनैत अछि। ई पशु क्रूरता निवारण आ पर्यावरण संबंधी नियमक उल्लंघन सेहो थिक। पर्यावरणीय संकट सं निपटबाक लेल कानूनक प्रभावकारी पालन आ सामाजिक चेतना मे व्यापक बदलाव आवश्यक अछि। पहिल, हरित पटाखाक नाम पर बाजार मे बिकाइत नकली पटाखा पर रोक लगयबाक लेल क्यूआर कोड आधारित सत्यापन प्रणाली अनिवार्य करबाक चाही। एहि व्यवस्था सं ग्राहक असली हरित पटाखाक पहचान कए सकताह आ नकली उत्पादक बिक्री पर नियंत्रण लगाओल जा सकत। दोसर, राज्य सरकार सभ कें सामुदायिक आतिशबाजी कें बढ़ावा देबाक चाही। एकरा सं प्रत्येक घर मे अलग-अलग पटाखा जरेबाक प्रवृत्ति कम होयत आ प्रदूषण पर नियंत्रण रखब अपेक्षाकृत सहज होयत। तेसर, पटाखा निर्माण मे लागल कारीगर सभक आर्थिक हितक रक्षा करब सेहो आवश्यक अछि।

# सीएम उमर अब्दुल्लाक मंत्रिमंडलक विस्तार, 7 बेर विधायक रहल अली मोहम्मद सागर समेत एहि दिग्गज सभ कें भेटल स्थान

जम्मू-कश्मीरक मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्ला मंगलदिन अपन मंत्रिपरिषदक विस्तार कयलनि। एहि मे चारि नव मंत्री के जगह देल गेलनि। उपराज्यपाल मनोज सिन्हा श्रीनगरक लोक भवन मे हुनका सभ के पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। अली मोहम्मद सागर, मीर सैफुल्लाह, शमीम फिरदौस आ अल्ताफ कालू के उमर मंत्रिमंडल मे जगह भेटलनि। सागर उर्दू मे शपथ लेलनि, जखनकि सैफुल्लाह, फिरदौस आ वानी अंग्रेजी मे शपथ लेलनि। शपथ ग्रहण समारोह मे मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्ला, उपमुख्यमंत्री सुरिंदर चौधरी, विधानसभा अध्यक्ष अब्दुल रहीम राथर, विपक्षी दलक नेता सुनील शर्मा, नेशनल कॉन्फ्रेंसक अध्यक्ष फारूक अब्दुल्ला आ सत्ताधारी गठबंधनक संग विपक्षी पीडीपी आ बीजेपीक विधायक सभ शामिल भेलाह।

ओतहि, नेशनल कॉन्फ्रेंसक वरिष्ठ नेता मुबारक गुल एहि फेरबदल मे शामिल नहि कयल गेलाक बाद निराशा व्यक्त कयलनि। लोक भवनक बाहर पत्रकार सभ सं ओ कहलनि, हम एखन तक 30 शपथ ग्रहण समारोह मे शामिल भेल छी। हर बेर हमरा हटा देल गेल आ आइयो हमरा हटाओल जा रहल अछि।



### सागर पार्टीक सब सं अनुभवी विधायक

श्रीनगरक खानयार सीट सं सात बेर विधायक रहल अली मोहम्मद सागर पार्टीक सबस अनुभवी विधायक सभ मे सं एक छथि। ओ पिछला सरकार सभ मे मंत्री पद पर रहि चुकल छथि। मीर सैफुल्लाह सेहो चारि बेर विधायक रहल छथि। हुनका लग सेहो मंत्रिमंडल मे पहिने काज करबाक अनुभव अछि। हब्बाकदल सं तीन बेर विधायक रहल शमीम फिरदौस आ पहलगाम सं दू बेर विधायक रहल अल्ताफ कालू पहिल बेर मंत्रिपरिषद मे शामिल भेल छथि।

### शमीम फिरदौस मंत्रिमंडल मे जगह पाबय बाली दोसर महिला

सागर आ फिरदौस श्रीनगर जिला सं छथि, सैफुल्लाह उत्तरी कश्मीरक प्रतिनिधित्व करैत छथि आ कालू दक्षिणी कश्मीर सं अबैत छथि। शमीम फिरदौस, सकीना इट्टू के बाद मंत्रिमंडल मे शामिल होबय बाली दोसर महिला बनतीह। सकीना इट्टूक लग एखन स्वास्थ्य आ चिकित्सा शिक्षा, शिक्षा आ समाज कल्याण विभाग अछि। चारि नव सदस्य सभक शामिल भेलाक बाद मुख्यमंत्री समेत मंत्रिपरिषदक कुल सदस्य संख्या अधिकतम सीमा यानी 9 पर पहुंचि गेल अछि। एहि मे सात सदस्य कश्मीर संभाग आ दू सदस्य जम्मू संभाग सं रहताह। उपमुख्यमंत्री सुरिंदर चौधरी नौशेरा सं नेशनल कॉन्फ्रेंसक विधायक छथि। विधानसभा चुनाव मे ओ जम्मू-कश्मीर बीजेपीक पूर्व अध्यक्ष रविंदर रैना के हरा देने छलाह। ओ मंत्रिमंडल मे एकमात्र हिंदू सदस्य बनल रहताह। एहि बीच, कांग्रेस जम्मू-कश्मीरक केंद्रशासित प्रदेश होयबाक हवाला दैत मंत्रिमंडल विस्तारक दौरान सरकार मे शामिल नहि होयबाक फैसला कयलक अछि। हालांकि, राज्यक दर्जा बहाल होयबा तक पार्टी सरकार के बाहर सं समर्थन दैत रहत। मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्ला कहलनि, हं, एहि (फेरबदल) पर निश्चित रूप सं चर्चा भेल छल। हम मंत्रिमंडल विस्तार लेल समय मांगने रही आ बतौने रही जे अगिला सप्ताहक शुरूआती दू-तीन दिन मे मंत्रिमंडलक विस्तार करब आ अपन मंत्रिपरिषद मे किछु बदलाव करब। ओ कहलनि जे उपराज्यपाल एहि प्रक्रिया लेल समय तय करताह, जाहि के बाद मंत्रिमंडलक विस्तार कयल जाएत।

# यूपी चुनाव मे आप बदललक रणनीति पार्टी पुरान गलती नहि दोहराओत

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव के लए आम आदमी पार्टी अपन चुनावी रणनीति के संबंध मे पैघ दावा कयने अछि। आपक राज्यसभा सांसद संजय सिंह कहलनि जे एहि बेरक चुनाव मे हुनकर पार्टी 349 सीट पर चुनाव लड़बाक गलती फेर नहि दोहराओत। ओ कहलनि जे हम सभ मात्र चुनाव लड़बाक लए चुनाव नहि लड़ब, बल्कि जाहि सीट पर लड़ब, ओतय मजबूती सं लड़ब।

आप सांसद संजय सिंह यूपी चुनाव के संबंध मे कहलनि जे पिछला बेर हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे करीब 350 सीट पर चुनाव लड़ने छल, मुदा परिणाम बहुत नीक नहि रहल। पार्टी के 1 प्रतिशत सं कम वोट भेटल छल। हालांकि, किछु सीट पर 25 हजार तं किछु सीट पर 20 हजार तक वोट भेटल छल। ओ कहलनि जे नगर पालिका चुनाव मे पार्टीक प्रदर्शन नीक रहल। ओ कहलनि जे नगर पालिका चुनाव मे आप करीब 250 पार्षद सीट आ करीब 10 चेयरमैन पद पर जीत हासिल कयने छल। उत्तर प्रदेश मे पार्टी लगातार सक्रिय सेहो रहल अछि। एहि बेर कतेक सीट पर चुनाव लड़त, से पहिने जकां नहि होयत जे मात्र चुनाव लड़बाक लए चुनाव लड़ल जाए। एहि बेर जाहि सीट पर पार्टी चुनाव लड़त, ओतय मजबूती सं लड़त। आप सांसद कहलनि जे हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे लगातार सक्रिय अछि। पार्टी अलग-अलग चरण मे 5 पदयात्रा कयलक आ शिक्षा के मुद्दा बनौलक। मिड-डे मील, बिजली आ पानिक मुद्दा पर संघर्ष कयल गेल। कार्यकर्ता सम्मेलन आयोजित कयल गेल आ एखन जन आक्रोश रैलीक माध्यम सं अभियान चलाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे जाहि दिन पार्टी ई फैसला लेत जे कतेक सीट पर चुनाव लड़बाक अछि, तखन पूरा मजबूती सं चुनाव लड़त।



सपा-कांग्रेस गठबंधन पर संजय सिंह कहलनि जे बात तर्कसंगत होयबाक चाही। उत्तर प्रदेश मे पहिने कांग्रेसक प्रदर्शन देखबाक चाही। पिछला चुनाव मे कांग्रेस के मात्र करीब 2.5 प्रतिशत वोट भेटल छल आ पार्टी 2 सीट जीतने छल। एहि आधार पर कांग्रेस के कतेक सीट भेटबाक चाही, से कांग्रेस आ अखिलेश यादव के तय करबाक अछि। मुदा 150-200 सीट पर दावा करब अनुचित बुझाइत अछि।

संजय सिंह कहलनि जे कांग्रेस जखन 2 सीट जीतबाक बाद 200 सीट मांगि रहल अछि, तखन समाजवादी पार्टीक स्थिति सेहो सोचबाक चाही। सपा 111 सीट जीतने छल। एहि हिसाब सं सपा के कतेक सीट चाही, एकर अनुमान लगाओल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे बातचीत एहन होयबाक चाही जे तर्कसंगत आ उचित बुझाए।

## राजभर-निषादक बाद आब अठावले बढ़ौलनि बीजेपीक चिंता! 10 सीट मांगलनि

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे केंद्रीय मंत्री आ रिपब्लिकन पार्टी ऑफ इंडिया (अठावले) कें अध्यक्ष रामदास अठावले कें प्रवेश होबय जा रहल अछि। रामदास अठावले यूपी विधानसभा चुनाव मे भारतीय जनता पार्टी (बीजेपी) सं आरपीआई (ए) लेल 10 सीट मांगलनि अछि। लखनऊ मे पत्रकार सभक संग बातचीत करैत डॉ. रामदास अठावले गठबंधन मे 10 सीट मांगलनि। पार्टीक कहब अछि जे सीट बंटवारा पर सहमति नहि बनल तं ओ प्रदेशक 200 विधानसभा सीट पर अपन उम्मीदवार उतारत।

पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केंद्रीय सामाजिक न्याय एवं अधिकारिता राज्य मंत्री डॉ. रामदास अठावले संगठनक विस्तारक चर्चा करैत कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे हुनकर संगठन गांव, ब्लॉक, जिला आ बूथ स्तर तक मजबूत भेल अछि। एहि आधार पर बीजेपीक शीर्ष नेतृत्व सं 10 सीट मांगल गेल अछि। अठावले कहलनि जे हुनकर पार्टी 12 साल सं बेसी समय सं एनडीएक सहयोगी रहल अछि आ गठबंधनक संग चुनाव लड़ब ओकर प्राथमिकता अछि। अठावले कहलनि जे यूपी मे गरीब सभ के प्रधानमंत्री आवास योजना, महिला सभ के विधवा पेंशन आ गैस सिलेंडर जेहन योजनाक लाभ भेटल अछि। एहि सबहक बावजूद विपक्ष सरकार पर आरोप लगा रहल अछि। राहुल गांधी के सरकारक सहयोग करबाक चाही।



हुनकर आंदोलन राजनीतिक अछि। चुनाव आयोग सुप्रीम कोर्ट के बतौने अछि जे एसआईआर पर फैसला तीनू पक्षक सहमति सं लेल गेल। मतदाता सूची पर उठि रहल सवाल सभ के लए अठावले विपक्ष पर हमला करैत कहलनि जे मृत भए चुकल लोक आ एतय निवासी नहि रहय बला लोकक नाम मतदाता सूची सं हटा देल गेल अछि। विपक्ष के एहि पर विचार करबाक चाही। आधार आ पैन कार्डक लाभ बाहरी लोक के नहि भेटबाक चाही। ओ कहलनि जे 2024 के लोकसभा चुनाव मे उत्तर प्रदेश आ महाराष्ट्र मे नोकसान होयबाक बावजूद हुनका सभ वोट चोरीक आरोप नहि लगेलनि। विपक्ष के बुझबाक चाही जे आंदोलन करला सं सरकार नहि बदलैत अछि।

# यूपी चुनाव सं पहिने बीजेपीक पैघ दांव बनौलक एखन धरिक सबसं पैघ टीम



उत्तर प्रदेश मे आगामी विधानसभा चुनाव 2027 लेल सत्तारूढ़ भारतीय जनता पार्टी अपन पूरा ताकत लगा देने अछि। पार्टी एखन तकक सबस पैघ प्रदेश कार्यसमितिक घोषणा कयलक अछि। 712 सदस्यीय समिति मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ समेत कतेको पैघ चेहरा सभ के स्थायी आमंत्रित सदस्य बनाओल गेल अछि। प्रदेश अध्यक्ष पंकज चौधरीक मुताबिक, कार्यसमिति मे प्रदेशक सभ क्षेत्र के जगह देबाक संग जातीय संतुलन पर सेहो ध्यान देल गेल अछि।

एकर अतिरिक्त पार्टीक समर्पित कार्यकर्ता सभ के सेहो पर्याप्त जगह देल गेल अछि। पार्टी प्रदेशक सभ क्षेत्र के शामिल करैत कार्यसमिति मे 712 सदस्य के जगह देलक अछि। आब 30 आ 31 अक्टूबर के लखनऊ मे प्रदेश कार्यसमितिक बैठक आयोजित होयत। एहि बैठक मे केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सेहो शामिल होयताह। ओ कार्यकर्ता सभ मे विधानसभा चुनाव आ आगामी लोकसभा चुनाव 2029 लेल जोश भरताह।

चुनावी समीकरण के ध्यान मे रखैत पार्टी विशेष आमंत्रित सदस्य सभक संख्या 134 रखने अछि। एहि सूची मे ब्रज क्षेत्रक भागीदारी सबस बेसी अछि। समिति मे दुनू उपमुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आ ब्रजेश पाठक समेत 30 लोक के शामिल कयल गेल अछि।

स्थायी आमंत्रित सदस्य सभ मे राष्ट्रीय पदाधिकारी स्मृति ईरानी, हरीश द्विवेदी, रेखा वर्मा, संगीत यादव, भोला सिंह, तारिक मंसूर, अमरपाल मौर्य आ कंवर बासित अली के शामिल कयल गेल अछि। ओतहि, पूर्व प्रदेश अध्यक्ष ओमप्रकाश सिंह, विनय कटियार, डॉ. रमापति राम त्रिपाठी, सूर्यप्रताप शाही, डॉ. लक्ष्मीकांत वाजपेयी, डॉ. महेंद्र नाथ पांडेय, स्वतंत्र देव सिंह आ भूपेंद्र सिंह चौधरी के सेहो जगह देल गेल अछि।

एकर अतिरिक्त केंद्रीय मंत्री हरदीप पुरी, बीएल वर्मा, कमलेश पासवान, जितिन प्रसाद, एसपी सिंह बघेल, कीर्तिवर्धन सिंह, साध्वी निरंजन ज्योति आ पूर्व केंद्रीय मंत्री मुख्तार अब्बास नकवीक नाम सेहो सूची मे शामिल अछि।

134 विशेष आमंत्रित सदस्य सभक सूची मे ब्रज क्षेत्र सं सबस बेसी 32 चेहरा के जगह देल गेल अछि। काशी सं 24, पश्चिम क्षेत्र सं 23 आ अवध क्षेत्र सं 19 कार्यकर्ता के शामिल कयल गेल अछि। प्रदेश कार्यसमिति सदस्य सभ मे गोरखपुर क्षेत्र सं सबस बेसी 128 पदाधिकारी के जगह देल गेल अछि। अवध सं 114, जखनकि काशी सं 108 लोक के सूची मे शामिल कयल गेल अछि।

# प्राकृतिक खेती अपनाउ, माटि कें स्वस्थ बनाउ, कृषि जनकल्याण चौपाल आयोजित

## माटिक जांच आ संतुलित उर्वरक प्रबंधन पर देल गेल जोर

शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक दहियार रन्ना पंचायत भवन मे मंगलदिन खेत बचाउ अभियान सह कृषि जनकल्याण चौपालक आयोजन कयल गेल। एहि चौपाल मे किसान सभ कें प्राकृतिक खेती अपनयबाक,माटिक उर्वरता बनौने रखबाक आ खेती कें टिकाउ आ लाभकारी बनेबाक लेल जागरूक कयल गेल। कृषिकर्मी सभ किसान सभ कें खेती मे प्राकृतिक संसाधनक नीक उपयोग, माटिक नियमित जांच आ फसलकआवश्यकताक अनुरूप संतुलित उर्वरकक प्रयोगक जानकारी देलनि। संगहि, आधुनिक कृषि यंत्रक उपयोगकए खेती कें सहज आ कम खर्चीला बनेबाक उपाय सेहो बताओल गेल। चौपाल मे सहायक तकनीकीप्रबंधक अमरदीप शर्मा किसान सभ कें प्राकृतिक खेतीक महत्त्व सं अवगत करौलनि। ओ कहलनि जे माटि कृषि उत्पादनक आधार अछि। माटिक उर्वरता आ स्वास्थ्य बनौने राखब किसान सभक लेल अत्यंत जरूरी अछि। लगातार असंतुलित तरीका सं रासायनिक उर्वरकक प्रयोग करबाक बदला माटिक जांच कराकऽओकर आवश्यकताक अनुसार पोषक तत्त्वक उपयोग




करबाक चाही। एहि सं उर्वरकक उचित उपयोग बढ़तआ खेतीक लागत नियंत्रित रखबा मे सहायता भेटत। प्राकृतिक खेती कें प्रोत्साहित करैत ओ कहलनि जेखेती मे उपलब्ध प्राकृतिक संसाधनक समुचित उपयोग समयक आवश्यकता अछि। प्राकृतिक खेतीकपद्धति अपनयला सं रासायनिक उर्वरक पर निर्भरता घटयबाक, माटिक गुणवत्ता बनौने रखबाक आपर्यावरण संरक्षण मे सहायता भेटि सकैत अछि। ओ किसान सभ कें मोट अनाजक खेती कें सेहो बढ़ावादेबाक सलाह देलनि, जाहि सं फसल विविधीकरणक संग कृषि व्यवस्था कें बेसी टिकाउ बनाओल जासकय। सहायक तकनीकी प्रबंधक इंद्रजीत गौरव कृषि कार्य मे उपयोग होइवला विभिन्न मशीन आ आधुनिक कृषि यंत्रक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे कृषि कार्य मे आवश्यकतानुसार मशीनक उपयोग करबा संसमय आ श्रम दुनूक बचत होइत अछि। एहि सं खेतीक विभिन्न काज कम समय मे पूरा कयल जासकैत अछि आ किसान सभ कें काज करबा मे सुविधा होइत अछि। ओ किसान सभ कें आधुनिक तकनीकक प्रति जागरूक रहबाक आ ओकर उपयोग करबाक लेल प्रेरित कयलनि। एहि अवसर पर कृषिसमन्वयक वीरेंद्र प्रसाद आ किसान सलाहकार सुशील राम सहित अन्य कृषि कर्मी सभ सेहो किसान सभकें कृषि योजनाक संग नीक कृषि पद्धति आ वैज्ञानिक तरीका सं खेती करबाक जानकारी देलनि। चौपालमे प्रगतिशील किसान सभ भाग लैत प्राकृतिक खेती, माटिक जांच, संतुलित उर्वरक प्रबंधन, मोट अनाजकउत्पादन आ आधुनिक कृषि तकनीक सं जुड़ल जानकारी प्राप्त कयलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य किसान सभकें जागरूक कए माटि संरक्षण, कम लागतवला खेती आ नीक कृषि प्रबंधनक प्रति प्रेरित करब छल। कृषि कर्मी सभ किसान सभ कें खेती मे वैज्ञानिक सोच अपनयबाक आ माटिक स्वास्थ्य बनौने रखैत कृषि उत्पादन कें टिकाउ बनेबाक संदेश देलनि।

# एमआरएम कॉलेज मे रोजगार मार्गदर्शन कार्यक्रम आयोजित

## छात्र-छात्रा सभ कें देल गेल रोजगारक अवसरक जानकारी



दरभंगा, समदिया

एमआरएम कॉलेज, दरभंगा मे भारत सरकारक शिक्षा मंत्रालयक अधीन बोर्ड ऑफ प्रैक्टिकल ट्रेनिंग (पूर्वी क्षेत्र), कोलकाताक सहयोग सं रोजगार मार्गदर्शनक संग नव दिशा विषय पर करियर मार्गदर्शन कार्यक्रमकआयोजन कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे विद्यार्थी सभ कें व्यावहारिक प्रशिक्षण, कौशल विकास आरोजगारक विभिन्न अवसरक जानकारी देल गेलनि।मुख्य वक्ता इंजीनियर अखिलेश कुमार नेशनल अप्रेंटिसशिप ट्रेनिंग स्कीमक उपयोगिता, पंजीकरण प्रक्रिया आ एहि योजनाक अंतर्गत उपलब्ध प्रशिक्षण तथा रोजगारक अवसरक संबंध मे विस्तार सं जानकारीदेलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें रोजगार मार्गदर्शनक आधिकारिक पोर्टल पर पंजीकरण करबाक आ उपलब्ध अवसरक लाभ उठयबाक लेल प्रेरित कयलनि। महाविद्यालयक प्रधानाचार्या प्रो. पुष्पम नारायण कार्यक्रमकशुभारंभ करैत कहलनि जे एहि तरहक आयोजन विद्यार्थी सभ कें कौशल विकासक प्रति जागरूक करबाकसंग नीक करियर विकल्प चुनबा मे सहायता करैत अछि। ओ कहलनि जे रोजगार प्राप्त करबाक लेलऔपचारिक शिक्षा संग व्यावहारिक अनुभव सेहो महत्त्वपूर्ण अछि। कार्यक्रम मे महाविद्यालयक एटीपीओडॉ. अमित गुप्ता, एएटीपीओ डॉ. प्रकृति नेहा, डॉ. निशा सक्सेना सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिका उपस्थितछलाह। पैघ संख्या मे छात्रा सभ कार्यक्रम मे भाग लैत रोजगार आ प्रशिक्षण सं संबंधित जानकारी प्राप्त कयलनि।

# उच्च विद्यालय एरौत मे ई-कचरा प्रबंधन पर जागरूकता कार्यक्रम आयोजित

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया

स्थानीय उच्च विद्यालय एरौत मे मंगलदिन ई-कचरा प्रबंधन विषय पर विशेष जागरूकता कार्यक्रमकआयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक नेतृत्व शिक्षक विवेक कुमार केलनि। कार्यक्रम मे छात्र-छात्रा सभउत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ ई-कचरा सं पर्यावरण पर पड़यवला दुष्प्रभाव पर अपन विचार रखलनि।बच्चा सभ संकल्प लेलनि जे ओ पुरान मोबाइल, बैटरी आ अन्य इलेक्ट्रॉनिक उपकरण कें एतय-ओतयनहि फेकताह तथा ओकर उचित निपटानक तरीका अपनौताह। एहि अवसर पर विवेक सर बच्चा सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे ई-कचरा आइ पर्यावरण लेल पैघ खतरा बनैत जा रहल अछि। एकरा खुला जगह पर फेकला




